

ADOPSYON ³



. . .-Frè Neville. Bonjour, klas la. Nou trè kontan retounen ankò pou salye nou nan Non Seyè Jezi sa ki sifi pou tèt pa l. Ann esperan ke w te gen yon semèn ekstraòdinè nan lwanj ak benediksyon Li yo.

² Lè m t ap antre maten an, m te rankontre yon ti gason la e li te ban m yon ti plak Anj gadyen k ap veye sou de timoun. E m pa t konnen ke se te yon Daulton, pitit gason Daulton lan.

³ E isi a kèk semèn de sa, oswa kèk . . . Apreprè de semèn de sa, te gen yon papa, yon papa Kreyen, ki te mande pou pitit fi adolesan l lan ki potko yon Kreyen, pandan l te kanpe nan liy lapriyè a. E Sentespri a te di pou sa: “Mwen—mwen ba w pitit ou a.” Epi men manzè maten an, sove epi batize nan Non Seyè Jezi, ki chita sou lestrad la, jis jan Sentespri a te di. Epi lòt timoun yo tout chita bò kote l. Mwen konnen ke fanmi Daulton lan kontan.

⁴ Gade ti dam lan la ke yo te priye pou ti bebe l la dimanch pase a, yo te panse li ta pral mouri. Mwen wè l toujou avèk nou maten an, e nou tèlman kontan pou sa, sè. Yo te panse li te gen distwofi miskilè, e li pa t gen sa. Kidonk nou gen anpil rekonesans.

⁵ Pou wè tout bon zanmi nou yo. Mwen raple m mesye sa la te vin kote m nan yon entèvyou espesyal nan—nan Chautauqua yon fwa, mwen kwè se te sa. Mwen te dejene avèk ou ak madanm ou epi timoun yo, mwen kwè se . . . oswa oumenm ak madanm ou, oswa timoun yo, tou, wi. [Yon frè di: “Middletown.”—Editè a.] Middletown, nan . . . Men nou tout . . . Mwen bliye non kote sa, kifè mwen jis rele l Chautauqua. Wi, mesye. Anpil nan bon zanmi m yo.

⁶ Frè Charlie Cox ak Sè Nellie bò isit la, ki te yon dezyèm kay pou mwen, e nou paka anyen lòt ke pwòp pitit mwen. M al anba la, se kote m pase pifò tan m ap detann mwen, se anba la. Li se pi bon chasè ekirèy nan Kentucky lè m Indiana. E konsa Indiana . . . E Charlie, m ap di w ke mwen jis gen anvi, santi m mal anpil tankou m ta dwe kenbe kèk nan pwason dlo dous sa yo oswa pwason bas raye yo anvan m kòmanse anwo a la. Mwen jis vrèman santi m tankou mwen taka renmen sa anpil.

⁷ Frè Parnell . . . Par- . . . Arnett, ki soti Lou- . . . Kawolin di Sid. Epi Frè . . . Ebyen, jis gen sitèlman anpil moun diferan la ki soti nan diferan rejyon, ki vin vizite nou maten an.

⁸ Ou konnen, nou pa gen okenn fòmalitye pou vin manm an règ isit la. Nou jis gen fratènite youn ak lòt, pandan ke San Jezikri, Pitit Bondye a, ap netwaye nou de tout enjistis.

⁹ Kounye a, n ap fè yon etid ekstraòdinè, ki jis mèvèye. E nou menm, omwen mwen . . . m konnen ke m renmen sa, e m konnen

nou tout renmen sa tou. Mwen te kòmanse kèk tan pandan lajounen, ap pale de sa oswa ap li sou sa, Mwen jwenn apeprè de vèsè e m te kòmanse ak Ekriti yo epi, premye bagay ou konnen, Mwen te pakouri depi Jenèz a Apokalips, toujou ap kontinye.

¹⁰ Epi, ou konnen, m ta renmen pran yon tan kote nou te ka—kote nou te ka antre nan Liv Ebre a—a, epi pran jis tankou. . . Ebyen, lè sezon ekirèy la rive, tankou Septanm- . . . apeprè Okt- . . . Out, ou konnen, epi kontinye jouk lè pou al lòtbò dlo, jis chak swa sou Liv Ebre a, oswa Liv Egzòd la. Kouman Bondye, nan Egzòd, mennen pèp Li a soti kite Lejip, yon egzòd! Yon trè bèl tip de noumenm kounye a k ap prepare pou egzòd nou an. Se, ooh, se sitèlman yon bèl bagay. Ekriti a annantye jis lye ansanm, e se yon gran Istwa.

¹¹ Kounye a, maten an nou—nou toujou nan Liv . . . Nou ta pral pran twa premye chapit Liv Efezyen an. Lèt Pòl pou moun Efezyen yo ki nan Efèz, k ap eseye, plase legliz la nan pozisyon l. E jis anvan nou abòde sa, èske nou ka jis rezève yon lòt moman ou de pou lapriyè, jis anvan nou fè sa.

¹² O Seyè, Bondye nou an, n ap antre nan Prezans Ou kounye a, osi endiy ke nou ye, poutan nou konnen ke gen yon Sakrifis San k ap tann la, k ap netwaye tout salte nou yo, k ap prezante nou devan Papa a, san repwòch, san fot. Pa gen anyen ke n te ka janm fè pou merite sa. Men paske Jezi te fè sa pou nou, nou koube avèk imilite devan Prezans Li ak Non L, ap mande ke W va voye Sentespri a maten an nan mitan nou. E kòm mwen pa yon teyolojiyen oswa m pa konn kijan pou mete Ekriti a annòd, men mwen jis eksite e mwen gen rekonesans pou sansasyon Sentespri a pandan L ap deplase atravè mwen, ke L beni nou tout ansanm pandan n ap li Pawòl ekri W la, pou L ka vin Lavi Etènèl pou nou. Akòde l, Papa. Nou mande l nan Non Jezi e pou glwa Jezi. Amèn.

¹³ Kounye a mwen ta ka di anndan la, toudabò, ke si nenpòt lè a m ta ka di yon bagay ki ta dezagreyab, ki pa kadre jis egzaktman, petèt totalman fo parapò a ansèyman w la, oswa yon bagay ke w paka dakò avè l, Mwen fè Sentespri a konfyans, ke L va rann li tèlman asezonnen epi tèlman dous jouk pa p. . . pa gen okenn fot ditou. Ou wè? Ke se pral—se pral atravè lanmou ak fratènite, ke se sa l ye a. . . sa L vle di nan fason sa a.

¹⁴ E tout sa kòmanse ak yon predikasyon dimanch pase, mwen kwè se te sa, dimanch maten pase, ki se *Wa Ki Rejte a*. Èske gen moun ki gen kasèt la deja? M panse ke yo te genyen yo, epi ou ka genyen yo si w vle, *Wa Ki Rejte a*.

¹⁵ Kounye a jis nan kèk jou e nou pral kòmanse nan . . . nan Middletown, Ohio. Nou vle ke tout sa yo ki gen vakans yo—vakans yo planifye pou moman sa asire yo ke yo rankontre avèk nou la, paske nou atann nou a yon gran moman fratènite nan Middletown, Ohio. Doktè Sullivan, mwen kwè, se prezidan komite a. E sa ap pran senk nwit, M ap preche

antan ke—oratè envite nan Konvansyon Entènasyonèl legliz Entèdenominasyonèl la. E apre sa—answit apre sa, se va pwòp reyinyon pa nou apati de moman sa. Nou planifye l pou jouk le 12, men avèk yon antant ke nou ka menm pouswiv pou yon lòt semèn apre sa, l ap jis depann de fason Sentespri a kondui. Nou tout nou vle ke Lespri kondwi nou; jis sa Lespri mande pou fè, alò fè l prese prese.

¹⁶ Epi annou sonje pandan n ap obeyi a Lespri, yon gwo leson ke nou vle aprann, se pa janm prese. Ou wè, pran san w, gen lafwa. Si w te mande Bondye on bagay, sonje ke Bondye reponn priyè. Li fè l nan tan pa L, fason ki pi bon an, fè l mache jis kòrèk pou nou. E si se pa konsa, alò kisa n ap fè isit la maten an? Poukisa—poukisa nou pretann nou se Kreyen? Bondye . . . Si sa se pa Pawòl Bondye, alò Li pa vre, alò nou twouve nou pami moun ki pi mizerab yo.

¹⁷ Mwen sitèlman kontan pou m ini kè m ansanm ak anpil moun isit la ki konnen ke Sa a se Pawòl enfayib Bondye a. Alò Se, chak Pawòl Li se Laverite, chak Pawòl Li, chak faz Li. E ak gras Bondye, nou te gen privilèj pou wè Peyi kote yon jou n ap vwayaje ale.

¹⁸ Yè (Moun yo pa konnen ki moman dekourajman ki vin ak jan de ministè sa.), M te vin vrèman dekouraje, e m te di madanm: “M swete ke m te ka jis kontinye.”

Manzè te reponn: “Poukisa w di sa, Bill?”

Mwen di: “O, isit la mwen gen pwoblèm ak bagay sa yo.”

¹⁹ E apres sa sanble ke Sentespri a te di: “Èske w ap eseye pase akote yo? Èske w—èske w ap eseye eskive yo?” Ou wè?

²⁰ “Non,” mwen di, “jis kite m kanpe kareman devan tout bagay sa yo pou fè fas a li.” Ou wè, jis . . . Ou wè?

²¹ Sa tèlman miyò. Onètman, an verite, mwen di sa paske m temwen ak je m, ke jis apre lavi sa a fini, n ap antre nan yon Peyi ki depase nenpòt sa yon moun te ka panse. E si gen nenpòt etranje isi a, mwen gen konfyans ke w pa . . . Mwen priye Bondye ke w pa konsidere m kòm yon fanatik. Mwen—mwen vle, si gen yon bagay, pou m onèt epi di Laverite. Epi a kisa sa t ap sèvi m pou m di yon bagay ki pa sa, lè gen tèlman—gen si tèlman bagay isit la ki se Laverite? Nou menm, poukisa nou oblije di yon bagay mal sou sa? Ou wè? Se, Se jis Laverite.

²² Epi, se pa etonan, mwen kwè ke Pòl te anlve al nan twazyèm syèl, e li te wè de bagay ke l pat otorize pou l di. Epi yon jou li te di: “Je pa t wè, zòrèy pa t tande, oswa sa pa t monte non plis sou kè lòm, sa Bondye gen (an rezèv) pou sila yo ki renmen L.”

²³ Ooh, nou jis ap viv . . . N ap viv nan yon depotwa anba la a, se tou, jis yon pil fatra plen ak—ak lafimen dife k ap boule ki soti nan salte. Nan . . . Menm si nou pa t kontamine avè l noumenm, n ap viv ladann, kote lafimen ki sot nan flanm dife peche. Youn nan

bagay ki rann pi maladi ke m ka panse, se yon vye depotwa fratra vil la k ap boule. Èske w te janm al toupre youn? Se degoutan, sant lafimen kontaminen sa a k ap monte sot nan tout jan de salte sa yo. Epi—epi ou fè ke pran sant li, e l ap fè w retounen sou pa w.

²⁴ Mwen sonje m te gen pou desann New Albany, anba a nan . . . anba a nan Dizuityèm Ri an, la a kote ansyen vye depotwa fatra a te konn ye a, e mwen te dwe kolekte anba a la epi li kontè yo. E m jis te gen degou jou se te, tou pa wout dizwit la, lè m te oblije pran sa anba la, paske se pou m te respire vye odè sa. E poutan, te gen kadav rat ak chen ak tout bagay ki te lonje la, ou konnen, ki t ap boule dousman e vye lafimen sa a t ap monte soti ladann.

²⁵ Bon, poutan, se ak sa lavi sa ap konpare, nan pi wo nivo l. Jis ap boule dousman, jis pran sant peche toupatou, jan l te ye a, nan langaj espiryèl. Men, ooh, kote van an ap soufle ak libète, epi tout bagay bèl e nan lapè ak lajwa ak Lavi Etènèl, jis lòtbò rivyè a. Men nou nan yon batay, kifè annou pa jis lonje kò n epi di, “Ann depeche n pou n rive laba,” ann mennen chak moun ke nou kapab mennen avèk nou. Wi.

²⁶ E kounye a objektif lesan sa yo se pou ankre sila yo ki deja travèse nan Peyi a. Objektif la, pou ap etidye Liv Efezyen sa a, se pou plase legliz la nan pozisyon kote li kanpe tout bon nan Kris. Se yon tip Ansyen Testaman ak Liv Jozye a, kote Jozye te fè tiraj osò a. Dimanch pase nou te wè l, kote Jozye te tire osò pòsyon tè chak moun. E li te fè l sou enspirasyon.

²⁷ Kijan Moyiz te . . . te fè pèp la soti kite Lejip, soti kite, lay, powo, pou te ba yo yon plas kote Bondye te pwomèt katsan lane pita . . . oswa katsan lane anvan, ke Li t ap mennen yo nan yon plas, yon peyi ki bon kote lèt ak siwo myèl ap koule. E Moyiz te kondui timoun Izrayèl yo drèt anwo nan peyi a, men li pa t fè yo travèse.

²⁸ E Jezi, pou moun espiryèl la, pou moun yo ki pral . . . yo te pwomèt nou yon Sentespri depi nan kòmansman an, Jezi te kondui nou rive nan pwomès la. Men Sentespri a te vini, tankou Jozye, pou pran kontwòl epi kondui ak dirije epi posede peyi a, oswa posede legliz la. Nou jwenn, esansyèlman, lè sa, ke nan . . .

²⁹ Kounye a men ki kote, petèt, moun ta ka panse ke mwen grosye epi m ap eseye meprize frè yo. Mwen p ap fè sa! Bondye se Jij mwen, mwen p ap fè sa. Ou wè? M ap sèlman eseye montre yon bagay ki se Laverite. Ou wè? Nou chwazi kondiktè yo, lèzòm, olye pou y ap kondui, kondiktè yo, dapre Sentespri a. Nou te prefere dèzòm pou yo bannou pati pa nou an epi pou kondui nou, dè denominasyon tankou Metodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, Legliz de Kris, Pannkotis, ak diferant denominasyon, pou mete òganizasyon kòm egzanp, epi nou swiv sa. Men nou se . . .

³⁰ Pa gen okenn kote nan Bib la ki oblije nou fè bagay konsa. Pa gen yon sèl pòsyon Ekriti, nan tout Bib Bondye a, kote Li te janm

òganize legliz oswa kote Li te janm pale de yon òganizasyon, pa gen yon sèl kote nan Bib la. Men toujou lekonntrè de sa. Li pa vle pou nou pran modèl tankou bagay lan monn nan. Li vle nou rete espesyal, rezève apa.

³¹ Mwen pa vle di la pou se yon “egare,” jan nou rele l la. Mwen vle di pou w se yon pèp ke yo rele soti, ooh, yon nasyon sen ki beni, k ap viv yon vi ki san repwòch, ap aji, ap konpòte w jis tankou L t ap fè, ap travay nan nou, paske nou se fabrikasyon Li, ki te kreye nan Jezi Kris la pou bon zèv.

³² Kounye a, mèkredi swa, anpil nan nou pa t isi a mèkredi swa, men nou te rive nan . . . Mwen kwè se vèsè 3 a oswa . . . Non, se vèsè 5 lan.

. . . *pou adopsyon*, oswa plasman moun yo . . .

³³ Kouman Bondye, ap eseye plase pèp Li yo, e lè Bondye plase youn, alò, ooh, tout legliz la vle vin tankou sila a, gen menm jan de bagay, ap fè menm bagay. Nou gen fòm diferan, nou fèt diferan, nou diferan nan nati nou, epi nou te plase diferan nan pozisyon nou, chak moun pou yon travay diferan; petèt youn pou jis yon ti kalite travay, yon lòt pou yon gwo travay. Mwen kwè se te David oswa youn nan pwofèt yo, mwen bliye kounye a, ki te di, “Mwen ta pito yon tapi devan papòt Kay Seyè a, pase pou m . . . pou m abite anba tant ak mech- . . . mechan.”

³⁴ Kounye a nou pral rete jis yon segond sou adopsyon an, vèsè 5 lan, n ap eseye al osi lwen ke n kapab sou li. Men kounye a sonje tèm lan, se sou plasman nèt ale. Konbyen moun ki konprann sa? Kite m tandè w di l ak yon sèl mo: “Plasman Kò Jezikri a nan pozisyon L nan Kris kote Sentespri a ap kondui nou.” Men ni, kounye a nou konprann li, ou wè. Li plase nou nan pozisyon nou, Liv Efezyen an se pou sa.

³⁵ Epi obsève mèt anseyan sa a, Pòl. Premye bagay li fè se ranvèsè tout lide pou ta chite. Ranvèsè tout lide pou m ta janm “yon Kreyen jodi a epi demen m kite sa, epi jounen apre a Bondye te kondane m e jounen apre a m tounen ankò.” Sa se tenten! Kounye a sa a se . . . Liv sa pa t fèt pou ansèyman evanjelik, predikasyon evanjelis yo. Nou pa . . . Mwen pa abòde sa nan chan misyonè yo. Mwen mennen sa pou legliz, paske Pòl te adrese l a sen yo, sila yo ke yo te rele epi prezève, e ki te ranpli epi rezève apa, epi ki nan Sentespri a, deja nan Peyi Kanaran an. L ap eseye di yo, premye bagay la, retire sa nan lespri w ke w pral pèdi epi w pral fè *sesi*, epi ou pè *sela*. Ou pa bezwen pè anyen, paske l ap eseye di w kote w ye, kimoun ou ye, kijan w kanpe.

³⁶ Kounye a, ou ka fè sa ki mal, e chak fwa w fè sa ki mal ou pral peye pou li. Wi, mesye, w ap rekòlte sa w seme! Men sa pa gen anyen pou wè ak sali w. Lè w ne ak Lespri Bondye, ou gen Lavi Etènèl e ou paka mouri menm jan ke Bondye paka mouri. Ou se yon pati nan Bondye, ou se yon pitit Bondye.

37 Mwen te ne yon Branham. Ou ka banm yon lòt non. Yon lòt non pa p rann mwen youn anmwens, mwen se toujou Branham. Mwen te ne Branham, m ap toujou Branham. Mwen pral . . . M ka tèlman defigire yon jou, ap rale ak atrit, gen yon vye kò kraze epi tout dekonstonbre jouk mwen sanble ak yon bèt, men m ap toujou yon Branham! Poukisa? San Branham anndan an.

38 Se sa ke nou ye. E osi lontan ke Bondye te fè w . . . Kounye a sonje, m p ap pale ak sila yo ki pa nan Kris. M ap pale ak sa yo ki nan Kris. Kijan w antre nan Kris? “Pa yon sèl Lespri!” L majiskil e-s-p-r . . . ki vle di, “Pa yon sèl Sentespri nou tout batize nan yon sèl Kò.” Kijan nou . . . Kijan nou fè antre? Pa batèm dlo? Ala mwen andezakò avèk noumenm Batis e noumenm Legliz de Kris. Se pa pa batèm dlo, pa sa menm! Premye Korentyen 12, di: “Pa yon sèl Lespri, Sentespri, nou te vin nan Kò sa.” Epi nou jis osi an sekirite ke Kò sa an sekirite. Bondye se . . . te pwomèt sa.

39 Kijan Bondye te ka jije L ankò, alòske Li te al sou Kalvè? Lè L te monte Gòlgota, yo te bat Li, blese, Li pa t ka geri, Li pa t ka menm di yon mo, apèn. Akoz de kisa? Li te gen peche mond lan sou Li. Pa paske Li te yon pechè, men “Li te fè L pechè” pou mwen avè w. Tout peche mond lan depi Adan jouk Vini Li, repoze sou zepòl Li. E Bondye pa t ap pini Pitit Li. Li t ap pini peche. Ou wè kijan sa te terib? Li t ap fè yon ekpyasyon. Li t ap prepare yon mwayen pou chape pou tout sa yo ke Bondye, pa presyans Li, te konnen ki t ap vini. Nou pral antre nan sa nan kèk minit.

40 Kounye a, lè sa, lè noumenm “pa yon sèl Lespri nou te batize nan Kò sa, yon sèl Kò, ki se kò Kris,” e nou an sekirite pou tout tan.

41 Kounye a, men kote sa sanble l frapan yon fason etranj, espesyalman avèk kwa—kwa—kwayan Amenyen yo, ke yo se . . . dwe fè yon bagay pou pwòp merit yo, oswa kèk bagay ki gen merit. Kijan sa ka fèt atravè de bagay an menm tan? Se swa pa gras oswa pa zèv, yon sèl. Li paka atravè menm bagay la, se atravè de bagay diferan; li oblije atravè sila. Se . . .

42 Mwen menm, o lala, mwen jis paka wè anyen lòt ke gras Bondye. Sa se desizyon pa m. Mwen te toujou kwè nan lagras. Mwen jis gen gras toupatou, se tou. Se pa ke mwen—mwen . . . menm nan vi m, lè m te yon ti gason, m pa t ka wè anyen lòt, jis lagras, lagras. Yo di: “Mwen—mwen pral . . . W ap grate do m epi m ap grate pa w.” Ebyen, se yon ekspresyon ki terib. Men mwen pa fè ka si w grate pa m oswa pa w, si pa w la bezwen grate, m ap grate l pou ou kanmenm. Ou wè, lagras. Wi, mesye. Ou wè, lagras travay atravè lanmou. Si w bezwen sa! Pe enpòt si w pa t janm fè anyen pou mwen, mwen—mwen pa gen yon bagay pou wè avè w, si w bezwen l m ap fè l kanmenm. Lagras! Paske w bezwen l!

43 M te bezwen sove. Pa t gen anyen ki te ka sove m. Pa t gen anyen m te ka fè pou tèt mwen, m pa t ka sove tèt mwen plis ke

anyen. Men m te bezwen sove, paske m te kwè nan yon Bondye. E Bondye te voye Pitit Li, ki te fèt dapre aparans peche lachè, pou soufri nan plas mwen, e mwen te sove, se pa gras sèlman mwen te sove. Pa gen yon sèl bagay mwen te ka fè, oswa ou te ka fè, pou sove tèt ou. E sila yo Li te konnen davans anvan fondasyon mond lan . . .

44 Nou te rantre ladann, mèkredi pase. Nou te dekri Bondye dapre Ela, Elohim, e nou te montre ke Li te egziste pa pwòp tèt Li. Men anndan L te gen Patènite, anndan L te gen diferan merit, tankou Sovè, tankou Gerisè. Tout sa te nan Bondye, e Bondye te egziste pa pwòp tèt li. Men pandan se tan Li yon Sovè, Li te Pap- . . . Li pa t gen yon Anj, Li pa t gen anyen. Pa t gen anyen ke Limenm. Li te egziste pou pwòp tèt li. Pa gen anyen lòt ki te egziste sof Bondye.

45 Men pandan se tan Li te Bondye, alò dwe gen yon bagay pou adore L, paske Li te renmen adorasyon. E Pwòp Èt Li te kreye dè kreyati pou adore L. Kounye a, pou touswit, ann touche l ankò, pou touswit kounye a, nou p ap pase atravè tout bagay la, men w ap genyen l sou kasèt. Men alò paske Li te Bondye, Li te fè Zanj yo, e Zanj yo te adore L. Zanj yo toujou adore L. Enben, Zanj ki kanpe nan Prezans Bondye yo gen sis, seri zèl, sis zèl. Yo gen de sou figi Yo, de sou pye Yo, epi yo vole ak de, nan Prezans Li, ap rele lajounen kou lannwit, “Sen, sen, sen, Seyè Bondye Toupwisan an.” Se sa Ekriti a di. Yo te adore L, poutèt yon bagay te kreye pou adore L.

46 Answit anndan L te gen yon atribi Sovè. Kouman youn nan Kreyati sa yo te ka, alòske pa t gen peche oswa pa t genpanse peche, kouman youn nan Yo te ka pèdi? Sa pa t ka fèt. Konsa te dwe gen yon bagay ki fèt ki te kab pèdi, pou Li te ka vin yon Sovè. Anndan Li te gen yon Gerisè. Èske w kwè Li se yon Sovè? Ou kwè ke L se yon Gerisè? Men e si pa t gen anyen pou sove oswa geri? Ou wè, te dwe gen yon bagay ki te fèt fason sa.

47 Kifè kounye a, Li pa t janm fè l fason sa, men Li bay lòm lib abit, “Si w chwazi *sesi* w ap viv, si w chwazi *sela* w ap mouri.” E chak moun ki vin nan mond lan toujou etabli sou menm bagay la. Bondye, pa presyans Li, te konnen kilès ki t ap vle ak kilès ki pa t ap vle. Si Bondye te . . .

48 Yon teyolojiyen te poze kesyon an yè, a mwenmenm, li te asiste reyinyon yo oswa tandè kasèt la, li te di: “Yon kesyon!” Li di: “Alò èske Bondye omniprezan? Alò,” li di, “Li ka tout kote?”

49 Mwen te reponn: “Li pa omniprezan nan fason ke mo a antann omniprezan an. Li pa ka yon Èt epi apre sa pou li omniprezan. Si Li omniprezan, poukisa w t ap priye pou Sentespri a? Si L omniprezan, Li ranpli chak fant, kwen, ti twou, chak selil, fib, tout lòt bagay ki genyen.” Mwen di: “Poukisa Li t al chache Moyiz, si L omniprezan, nan lokalite a? Poukisa L t ap

kouri monte desann nan jaden Edenn lan, ap rele: ‘Adan, Adan, kote w ye?’ si Li omniprezan?”

⁵⁰ Li omniprezan paske Li omnisyan. Li konn tout bagay paske Li enfini, kòm Li enfini sa rann Li omniprezan. Antanke omniprezan, alò, antanke enfini, konsa, Li chita nan Syèl la. Li abite yon kote paske Li se yon Èt.

⁵¹ Men, antanke enfini, alò Li konn tout bagay. Li konnen chak fwa yon moustik bat je l. Li konn chak myèl, kote l al nan nich pou pran siwo myèl li. Li konn chak zwazo ki poze nan pyebwa a. Li konn tout panse ki nan lespri w, paske Li enfini e omnisyan. Sa vle di, non sèlman Li enfini, Li omnisyan, Li konn tout bagay. Men Li se yon Èt, Bondye se yon Èt, e apati de Èt sa a kòmanse pwodui bagay sa yo.

⁵² Epi peche, mwen te di lòt jou swa, ke peche se pa yon kreyasyon. Pa gen anyen ki te kreye ke pèfeksyon. Bondye te kreye tout bagay bon. Peche pa yon kreyasyon. Li di: “Ebyen, sa se kreyasyon peche menm.” Ou te tande sa. Men sa se yon erè. Peche. . . Gen yon sèl Kreyatè, se Bondye. Bondye pa t ka kreye peche, paske Li sen e pa gen anyen nan Li pou fè sa. Peche se pèvèsyon; pa kreyasyon, men se pèvèsyon. Adiltè se yon zak kòrèk ki pèvèti. Manti se verite ki mal di. Nenpòt peche a, nenpòt peche a se jistis ki pèvèti.

⁵³ Se poutèt sa kounye a, Bondye pran plas Li. Li deja manifeste Tèt Li, Li se Bondye. Li deja manifeste Tèt li kòm yon Sovè, lòm te pèdi e Li sove yo. Li deja manifeste Tèt Li kòm yon Gerisè. Sa moun di Li ye pa fè okenn diferans; e Li se, kanmenm, jis menm nan. Li se yon Gerisè, Li se yon Sovè, Li se Bondye, Li Etènèl. E Li gen yon objektif. E objektif Li se te, depi nan konmansman, pou fè kreyati ki t ap renmen L epi adore L.

⁵⁴ E Li te fè kreyati yo, e kreyati yo te tonbe. Epi Bondye, gras a enfinite Li, te gade anba nan dewoulman tan an e li te wè tout moun ki ta pral sove yo. Chak moun, Li te konnen l pa pre- . . . pa presyans. Kidonk si Li, pa presyans, te konnen kimoun ki t ap sove e kimoun ki pa t ap sove, Li te ka predestine. Kifè, mo a pa yon si move mo apre tou, pa vre? Li te ka predestine, paske Li te konnen kilès ki t ap vle e kilès ki pa t ap vle. Se poutèt sa, pou l te ka pran sa yo ki t ap vle yo, Li te dwe fè yon—yon sakrifis pou peche yo. Oo, si nou kapab, nou vle rive sou li, jis kèk vèsè pi ba. Li te predestine nou pou Lavi Etènèl, konsyan ke sila yo ki ta pral mete tout bagay sou kote, pe enpòt jan sa ta parèt endiferan avèk timoun nan mond lan, sa pa t ap vle di anyen pou yo, paske yo te pitit Bondye. Epi Li te rele yo.

⁵⁵ E Li te voye Jezi, pou ke San Li te ka yon ekspstasyon, ekspstasyon San, pou fè yon ekspstasyon, oswa yon—yon akseptasyon, oswa yon pirifikasyon. Yon pwosesis netwayaj pou ap ontinyèlman. . . Pa jis yon fwa nan yon sèl revèy, men “toujou vivan, ap fè entèsesyon,” pou ke Kreyen an rete pwòp lajounen

kou lannwit. Men San Jezikri a ki fè yon—yon eksepsyon sou kwa a la, nan . . . nan Prezans Bondye, ki netwaye nou san rete, lajounen kou lannwit, de tout peche. E nou an sekirite kache anndan. Kache anndan kouman? Pa Sentespri a, nan Kò Seyè Jezi a, epi an sekirite. “Sila ki tandè Pawòl Mwen epi ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi etènèl e li p ap janm vini nan jijman, men li pase de lanmò a Lavi.” Pa gen jijman ankò! Kreyen an pa janm ale nan jijman an. Kris te ale pou li. Avoka m te pran plas mwen. Li te plede kòz mwen, ke mwen te inyoran. Li te di Papa a ke mwen pa t diy, ke mwen te inyoran. Men Li te renmen m e Li te pran plas mwen, e Li te plede ka m nan, e jodi a mwen lib! Wi, mesye. E Li te vèsè San L, pou ofri l laba pou peche nou yo.

⁵⁶ Sonje Mèkredi swa dènye, okenn Kreyen . . . Kreyen fè peche, men yon pechè pa ka peche. Yon pechè pa peche, paske li se yon pechè. Li se jis yon pechè pou kòmanse, e se tou. Gade, pran—do liv sa a, li nwa, ki kantite nan sa ki nwa? Se tout nèt ki nwa. Li jis pa gen okenn blan nan li, li nwa. Ou di: “pati *Sa a* la.” Non, li pa sa, tout bagay la nèt nwa. Tout nèt nwa. Se fason sa yon pechè ye. Li jis kondane pou kòmanse. Ebyen, ou di: “E si li komèt adiltè? E si li abize kèk fanm? E si li—e si li jwe aza? E si l te tire yon moun?” Se pa biznis pa nou. Sa pa zafè pa nou, nou gen lalwa anba la pou okipe de sa. Nou pa refòmatè, nou se predikatè Levanjil. Nou pa kondane l pou sa l te fè, nou pa kondane l poutèt li te komèt adiltè. Nou kondane l paske li se yon pechè! Si l te yon Kreyen, li pa t ap fè l. Se vre. Si l ta chanje, li pa t ap fè sa. Men paske li se yon pechè, se sa ki fè l fè sa.

⁵⁷ Se la sa demoli akseswa yo—yo ki vin de legalis yo. Wi, mesye. Frè, kite m di w: “Se pa pa zèv, men pa gras ke nou sove, e se pa mwayen lafwa.” Wi, mesye. Kounye a, mwen p ap kondane frè legalis yo, yo se frè m. E yo va laba a jis menm jan ak nenpòt rès nan yo ki va laba, paske Bondye te preòdone Legliz Li davans pou l la. Men bagay la se jis, ou—ou kenbe moun yo sitelman nan konfizyon, yo pa konn kisa pou yo fè. “Jodi a, ebyen, petèt si mwen—mwen . . .” Jis fè yo konnen; toutotan yo gen apeti pou mond lan, yo pa la pou kòmanse.

⁵⁸ Mwen pa viv fidèl ak madanm mwen paske mpanse li t ap divòse m. Mwen viv fidèl ak madanm mwen paske mwen renmen l. Se yon pozisyon legal ke nou pran, pou nou renmen youn lòt. Dabò, anvan sa ka rive la, li dwe yon zafè lanmou. Mwen renmen l. Menmsi m kwè si m te fè sa k pa sa, li t ap padonnen m, kanmenm m pa t ap fè sa de tout fason. Mwen renmen l.

⁵⁹ Se fason sa a li ye ak Kris. Si m—si m ap viv . . . Mwen gen senkant an, si m viv pou rive atenn katrevendis oswa santan, ak yon lòt senkant an pou m preche, e mwen pa t janm preche yon fwa, m al anba a epi chita bò rivyè a, mwen sove kanmenm. Bondye te sove m pa gras Li, san merit pou nenpòt ki bagay mwen te ka janm fè, m te fè, oswa nenpòt lòt bagay la. Mwen

preche paske mwen renmen L e mwen renmen pèp Li. E se poutèt rezon sa a mwen konnen ke m pase de lanmò a Lavi, paske mwen renmen yo epi m al chache yo. Kèlkeswa jan de kondisyon yo ladann nan, m al chache yo kanmenm. Al chache yo nenpòt ki jan an, rale yo nenpòt ki fason an. Si minis yo an dezakò e lòt yo pa dakò, epi denominasyon yo an dezakò, sa pa p rete m. Men yon bagay! Sa pa t rete Li! Li te vini drèt nan mitan enkredilite, e sa pa t rete L, Li te fonsè toudwat kanmenm. Se sa ke nou fè, soti al chache yo, mete men sou yo kanmenm. Pe enpòt, etann men w, rale, akwoche w ak tout fòs ou. Ou pa konn kilès yo ye. Sove yo. Se pou koz lanmou. Pa paske “mwen oblije,” men paske mwen renmen, paske w renmen.

⁶⁰ Ou va di: “M ta dwe al mete sa annòd ak fanm sa, men, m ap di w kounye a menm, m kwè 'paske m ap frekante legliz mwen ta dwe al mete l annòd.” Non, se ou ki ta dwe kòrèk, an premye. Ou wè? Ou wè? Si w pa gen lanmou Bondye nan kè w, yon lòt bagay kèlkonk ap fè w konnen ke w gen tò, alò al—alò al mete sa annòd ak Bondye. Apresa ou va regle sa ak vwazen w.

⁶¹ Jezi te anseye menm bagay la. Li te di: “Si w vin devan lotèl, epi gen yon . . . ou sonje ke w gen yon bagay kont yon vwazen oswa yon frè, al mete sa annòd avè l, dabò.”

⁶² Bon, kounye a nan laj ki gen pou vini yo. Nou te wè mèkredi swa, “manifestasyon yo.” Nou reprann li ankò maten an, nan “manifestasyon pitit Bondye yo.” Nan lòt mo, Bondye ap tann. E alò nan tan lafen lè nou tout va kanpe devan L. Zanj yo pa t pèdi. Yo pa p konn kijan pou yo apresye benediksyon yo menm jan avèk nou, yo pa t janm pèdi. Men mwen konnen kote m soti, mwen konnen nan ki wòch mwen te taye, yon pechè. Ou konn ki kote yo te taye w. Kounye a lè yo te jwenn nou, lè sa nou ka kanpe devan Bondye. Oo, ala yon jou sa va ye!

⁶³ Apresa se adopsyon, plasman. Kounye a, Bondye ap fè sa nan travay la. E kounye a si m ka mennen sa a ba ou, alò nou va kòmanse la menm nan vèsè 5 lan, mwen vle li L.

Nou te predestine pou n te Timoun adopte pa Jezikri pou limenm, dapre Pwòp bon plezi volonte L,

⁶⁴ Se plezi Bondye pou fè volonte L, ap adopte, ap plase. Kounye a kisa L ap fè? L ap plase Legliz Li. Premyèman, Li te rele legliz Li, Metodis, Presbiteryen, Literyen, Batis, ap rele yo. Answit kisa L te fè? Li te voye Sentespri a epi ba yo batèm Sentespri a.

⁶⁵ Mwen vle nou menm moun Pannkotis yo retire sa a nan kè nou. Pannkot se pa yon denominasyon; lapannkot se yon eksperyans. Se Sentespri a. Se pa yon òganizasyon. Ou pa t ap ka òganize Sentespri a. Li p ap pran pozisyon pou sa. Kounye a ou gen yon òganizasyon ke w rele konsa, men Sentespri a deplase la menm pou pèmèt ou chita drèt kote w ye a, pou jis kontinye ale. Ou wè? Pannkot se pa yon òganizasyon; lapannkot se yon eksperyans.

66 E apres a Bondye te bay pitit Li yo nouvèl Nesans, atravè batèm Sentespri a. Yo te vin toupre Sa lè yo te netwaye tèt yo, atravè Nazareyen, Pèleren Sentete. Apresa yo antre nan eksperyans lapannkot la, oswa batèm Sentespri a, restorasyon don yo. Yo te pati ap pale an lang epi entèprete lang yo, epi yo te ba yo don gerizon ak mirak, epi siy ak bèl mèvèy te kòmanse akonpaye yo. Kounye a yo se pitit, yo se pitit Bondye. Yo nan pozisyon yo nan Kris. Yo vin pitit pa Nesans. E nouvèl Nesans lan ak konvèsyon an Limenm se Sentespri a.

67 Ou pa menm konvèti jiskaske w gen Sentespri a. Se sa Lekriti di. Jezi te di Pyè, mande nenpòt moun, li Ekriti w, li te jistifye poutèt li te kwè nan Seyè Jezi, te vin yon disip, yon apot. Jezi te ba li kle Wayòm lan. Epi Jan 17:17, Li te sanktifeye yo, Li te ba yo pouvwa, te voye yo, chase demon ak lòt bagay, te sanktifeye yo. “Sanktifeye yo, Papa, atravè Verite Ou. Pawòl Ou se Laverite. Mwen sanktifeye Tèt Mwen poutèt yo.”

68 Sa se youn nan pawòl ki pi dous ke m te janm tande. “Papa, Mwen sanktifeye Tèt Mwen akoz de yo.” Èske w konnen Li te gen dwa gen yon fwaye? Li te yon imen. Ou konn poukisa Li te gen dwa gen yon madanm? Li te yon Nonm. Li te gen dwa a tout bagay sa yo, men Li di: “Papa, Mwen sanktifeye Tèt Mwen akoz de yo. Mwen sanktifeye Tèt mwen.”

69 Mwen te pale ak yon ti predikatè yè, mwen pral preche pou li nan kèk sware bò isit la sou gran wout la. E m te kesyone l sou yon bagay kèlkonk, li di, “Wi, Frè Branham, men pifò moun pa m yo pa kwè nan sa.”

Mwen di, “Pifò nan yo tout legalis?”

70 “Wi.” Frè a pa kwè sa. “Men,” li di, “poutèt yo!” O, m te vle pase men nan kou l. “Poutèt yo, ou wè, mwen sanktifeye tèt mwen poutèt yo.”

71 O, Jezi t ap fòme douz mesye yo, ke atravè douz mesye sa yo Levanjil te dwe anonse a mond lan. Epi Li te di, “Poutèt yo Mwen sanktifeye Tèt Mwen.” Restrenn ou pou byen vwazen w, pou byen yon lòt moun. “Piga w itilize libète w la pou yon pretèks,” Pòl te di, “men sanktifeye tèt ou!” Konpòte w nan vwazinaj la, tankou yon vrè Kreyten ta dwe fè. Ke kominikasyon w yo se, si w rankontre lènmi ou, sanktifeye tèt ou pou byen li, san w pa konnen kisa w ta ka fè.

72 Kounye a plasman pitit gason an. Premye bagay apre pitit gason an te antre, li te vin yon pitit gason, men apres a nou wè ke se konpòtman li ki fè ke l adopte, si l te konpòte l kòrèkteman ou pa.

73 E se—pannkotis...Kounye a jis kite m montre w ke Pannkotis se pa yon denominasyon. Konbyen Batis isi a ki te Batis, ki te resevwa Sentespri, kite n wè men nou. Ou wè? Konbyen Metodis ki isit la ki te resevwa Sentespri, leve men nou. Konbyen Nazareyen isit la ki te resevwa Sentespri? Leve men

nou. Presbiteryen yo, ki te resevwa Sentespri. Ou wè? Literyen. Lòt denominasyon, ki pa t fè pati Pannkotis ditou, ki te jis fè pati de kèk denominasyon, ki te resevwa Sentespri, montre men nou. Ou wè? Kifè alò Pannkot se pa yon denominasyon, se yon eksperyans.

⁷⁴ Kounye a, Bondye te pran w nan Kò Kris la (Kounye a kisa L fè?) apre ou fin fè prèv ou, sanktifye tèt ou ak bon konpòtman w, obeyisans a Sentespri a, kèlkeswa sa mond lan di.

⁷⁵ Mwen—mwen pral fwote sa vrèman fò, ou wè, paske. . . Mwen pa vle di sa pou m grosye. Mwen—mwen. . . tanpri pa—pa pa reyèlman, ou wè. Pa panse reyèlman ke mwen—mwen mechan. Mwen—mwen pa vle vin sa. Sa k enkyete m, se pran moun epi preche yo Verite ke Bondye voye a, pou yo retounen la menm epi jis kontinye ap fè menm bagay la, epi deklare ke yo gen Sentespri. Sa jis prèske demoli w, ou wè. Kisa k pwoblèm lan? Yo retounen drèt nan menm bagay la, jis tankou timoun Izrayèl yo, yo te vle yon wa pou ke wa sa te ka domine sou yo pou fè yo aji tankou Amoreyen ak Amalezit epi Filisten.

⁷⁶ Medam, èske nou konnen, ke sa pa bon pou n mete pantalon? Èske w konn sa? Èske w konnen se mal pou koupe mèch cheve w yo? Mesye, èske nou konnen ke se mal, pou nou kontinye ap fimen epi aji fason n ap fè a? Èske w konnen ke se mal pou se pa oumenm ki mari nan kay ou, madanm ou pete yon lòbèy epi choute w deyò epi ou di, “Wi, ke kè w beni, cheri, m ap retounen touswit”? Èske w konnen ke w. . . Kijan w ka fè yon sèvitè nan Kay Bondye a alòske w paka menm kontwòle pwòp kay ou? Se egzaktman sa. Èske w konnen, sè, ke mari w se pa sèlman mari w, men li se chèf ou? Bondye te di sa. Paske mari a pa t sedui, se fanm lan ki te sedui. E nou menm predikatè yo k ap kontinye fè fanm yo pastè ak predikatè nan legliz nou yo, konsyan ke Pawòl Bondye a kondane sa.

⁷⁷ Ou kontinye ap itilize non sa “Pè, Fis ak Sentespri” pou fè batèm, alòske pa gen yon tizing Ekriti pou sa nan Bib la. Mwen vle pou yon achevèk oswa yon lòt moun montre m ki kote yon moun nan Bib la te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Mwen vle pou yon moun montre m yon moun ki te janm batize yon lòt fason sinon nan Non Jezi. Men Jan pa t. . . te batize, yo te batize ak kwayans ke Li t ap vini, men yo pa t konnen ki moun Li te ye. Men osito ke yo te rekonèt sa, yo te dwe vini pou yo te rebatize ankò nan Non Jezikri. Mwen vle pou yon moun. . . Mwen—mwen te mande Asanble de Dye yo, lòt predikatè yo, Batis, Presbiteryen, ak tout bagay. Yo p ap—yo p ap pale sou sa. Mwen vle wè Ekriti a.

⁷⁸ Epi se mwen ki yon “fanatik,” enhen, epi se mwen ki “fou,” pèdi tèt mwen, mwen se yon “deranje,” jis paske m ap eseye di nou Laverite? Kounye a, se—sa se lonètete, frè m yo. Si yon nonm

livre l bay Bondye, ou livre w tout bon, epi seryezman. Ou—ou—ou—yo mete—yo mete w apa, ou se—ou se yon kreyati diferan.

⁷⁹ Yo rele anpil, men se kèk yo chwazi. Wi, yo rele anpil moun, ou gen yon apèl nan kè w, “Wi, mwen kwè Bondye renmen m. Mwen kwè Li fè l.”

⁸⁰ Men, frè, sè ke, ou pral osi pèdi ke lòt rès yo, paske y ap vin la jou sa, pou menm ap di, “Seyè, mwen te chase demon nan Non Ou. Mwen te fè tout lòt bagay nan Non Ou. Mwen te gen sèvis gerizon. Mwen te preche Levanjil la. Mwen te chase demon yo.”

⁸¹ Epi Jezi di, “Wete kò w la, mwen pa menm konnen w, ipokrit. Se sila ki fè volonte Papa M!” Poukisa moun yo paka wè sa? Bon, mwen konnen ke sa ap foubi. E mwen pa—mwen pa vle di sa pou fè mal, mwen pa vle di l nan fason sa. Men, frè, mwen—mwen . . .

⁸² Pou mwen sa sanble ke nou—nou nan tan lafen, e Bondye ap adopte, ap plase nan pozisyon nan Legliz, nan Kò Kris la, moun Li yo. Kounye a, p ap gen bann ak pakèt L ap mete la, mwen pral di w sa pou kòmanse. Ou di: “O, ebyen, pral gen yon sitèlman grann kantite!” Men Li te gen similan pou rale yo soti, tou. Sonje, rezirèksyon an ap vini epi n ap anlve avèk yo. Jis kèk nan yo, ou wè. Chache sali w, prese prese. Egzamine w byen epi wè sa k pa mache. Ou wè? Ou wè jis—jis kisa pwoblèm lan ye. Mwen konnen sa—sa difisil, men, frè, se Laverite. Se Verite Bondye. Adopsyon!

⁸³ Nou ta dwe tèlman tou limen pou Bondye, nou ta dwe konsa lajounen kou lannwit. Anyen pa ta dwe ka rete nou, e nou ta dwe tèlman dous e tèlman agreyab, e sitèlman janti epi sitèlman sanble ak Kris nan lavi nou. Sa pran lavi toulèjou. Jezi te di: “Konsidere yon flè lis nan chan an, jan li pouse, travay di pou ap antòtiye; poutan m ap di nou ke Salomon nan tout glwa li pa t byen abiye tankou youn.” Salomon te gen rad ki te dekore ak swa espektakilè epi brode ak zegwi ak bagay konsa, men sa—sa pa t . . . se pa t de sa Li t ap pale. Pou yon ti flè lis pouse, li dwe travay lajounen kou lannwit. Pou kisa w vle retounen isit la la dèyè nèt nan ti bout liy lan? Si jis la apèn ap sove, ki kote pechè a ap ye, sa se enkwayan an, ak mechan an, moun ki tande Pawòl la, ki refize mache Ladann . . .? Kounye a kisa nou pral fè? Ou wè? Kounye a ke . . .

⁸⁴ Sa se, kounye a, sa se legliz nou. Nou gen petèt kat oswa senk etranje nan mitan nou. Men sa se legliz, m ap anseye nou. Sa pral sou kasèt. Mwen vle ke moun k ap tande kasèt yo, sonje, sa se pou legliz mwen. Deyò pami moun yo laba, m eseye vin yon moun ki gen ase koutwazi pou di yo sa, pou yon jan rete ansanm kote w ka dòlote yo nan vyep ti lide wòvòt yo. Men lè lè a rive pou vrèman blayi Verite atè, annou blayi L.

⁸⁵ Adopsyon, plase nan pozisyon! Ki kote yo ye? Montre m ki kote yo ye. Bondye ap rele pitit Li yo sou kote atravè manifestasyon. Yo pa bezwen di yon sèl mo sou sa, ou wè yon bagay te rive. Li mete pitit gason L nan yon pozisyon, pou mete

l nan lòd jis egzakteman ak menm bagay yo. Li—li jis gen anpil otorite menm jan an, pawòl li jis osi bon ke yon Akanj, menm miyò. Yo te adopte pitit la, mete l nan yon pozisyon elve, li te chita la, yo te chanje rad li, te chanje koulè l. Papa a te fè yon seremoni, pou di: “Sa se pitit gason m, apati de kounye a li se gouvènè. Li se chèf. Li gen kontwòl tout eritaj mwen. Tout sa M genyen se pou li.” Se sa. Alò nou te ka retounen nan menm bagay la, Ela, Ela, Elohim, Elohim, ou wè, kote Li egziste poukont Li. Epi answit retounen atravè Jewova Ki te fè yon bagay, Li te bay lòm dominasyon sou tè a. Kisa n ap tann? Manifestasyon an. Tè a ap plenn. Ann al ladann pou li l. Dakò.

*...predestine...pou adopsyon timoun atravè...
limenm, dapre bon plèzi volonte Li,*

Pou lwanj-...pou lwanj glwa gras li,...

⁸⁶ Kisa gras Li ye? Retounen anvan sa, lè Li pa t yon Papa; Gras Li, lanmou Li, fè L vin yon timoun, pou n te ka predestine pou adopsyon timoun yo, pou lwanj gras Li. Ou wè?

...kote li te rann nou akseptab atravè lan—lan (Moun lan) byenneme a, ki se Kris.

⁸⁷ Ki te fè yo aksepte nou kijan? Pa Limenm. Kijan nou antre nan Li? Pa yon sèl Lespri, nou tout batize nan Li. Tande.

*Nan sila ke nou gen redanmsyon, nou gen redanmsyon
atravè (san) san li, padon p-e-c-h-e yo...*

⁸⁸ Kijan w ka preche predestinasyon, Bondye k ap òdone davans epi k ap tabli, amwens ke gen yon ekspyasyon peche yon kote? Kouman sa fèt? Chak jou ou fè erè, chak jou ou fè sa ki mal. Men si w ne de nouvo, gason oswa fanm, osito ke w fè erè a, Bondye konnen ou regrèt pou sa. Ou ta kanpe nan prezans—Prezidan Roosevelt oswa nenpòt lòt moun nan, pou di, “Mwen gen tò, Bondye padonnen m pou bagay sa a.” Se kisa? E se la a kote ekspyasyon San an...

⁸⁹ Ou remake ke “p-e-c-h-e.” Yon pechè se yon pechè, li pa komèt peche. Men legliz la komèt peche, fè sa ki mal, li gen movèz panse, movèz enpresyon, fè sak pa sa, ap bite tankou yon timoun piti k ap mache, k ap eseye aprann kouman pou mache. Li jis poko konnen kijan pou l mache byen, paske l se yon ti pitit gason. Men nou gen yon Men k ap etann si nou...pou pran nou epi estabilize nou, epi di: “Fè pa sa a nan direksyon sa a, pitit gason m.” Li pa leve nou pou bat nou paske nou te fè yon erè, Li pa bat nou amò paske n ap eseye mache. Li renmen nou menm jan nou renmen pitit nou yo.

⁹⁰ Yon vrè, vrè papa pa t ap kale pitit li lè l ap eseye mache, si l te tonbe atè a. Li panche ak yon gwo ponyèt fò pou leve l, pran toulède men l yo pou kenbe l, epi di: “Se fason sa a pou fè l, pitit gason m. Mache konsa.”

91 Se fason sa Bondye fè Legliz Li! Bese epi pran l nan bra L, pran l epi di, “Mache *konsa*, pitit gason m. Gade, pa—pa—pa di l konsa, pale *Konsa*. Kounye a, m pa fè ka de sa legliz di, sa *sesi* di, sa *sela* di, di l *Konsa*. Tankou *Sa a*, se sa L ye! Si Pawòl Mwen preche L, rete dwat avè L, mache avè L. Rete avè L. Pa fè ka de sa tout lòt moun di, rete avè L. Mache *Konsa*. Se fason sa a pou w fè pa w yo.”

92 Pou peche nou yo; yon ekspyasyon lanmou pou peche nou yo, sinon nou pa t ap janm gen yon chans. Ala nou te ka jis ankre nan Pawòl sa yo!

. . . *dapre richès gras li a;*

Kote li—li te gen annabondans . . .

93 Ki sa “abondans lan ye”? O, la la! Kote Li te gen *annabondans*, “yon gwo pil.”

. . . *li te devèse sou nou nan tout sajès ak pridans;*

94 “Pridans, tout sajès Li te devèse sou nou.” Avèk tout “sajès,” pa dapre lemond. Sajès mond lan se foli pou Li, e sajès Bondye se foli pou mond lan. Jis tankou lajounen ak lannwit, youn pa ka dakò ak lòt. Men lè solèy la kòmanse leve epi jou a parèt, nwit lan gaye toupatou. E lè Limyè Levanjil la kòmanse antre, tout bagay nan mond lan jis kòmanse disparèt. E kisa sa fè? Li simaye Limyè Solèy la annabondans sou pitit Li yo, pou mache nan Lespri, kondui pa Lespri Bondye, nan gras Li annabondans, ak tout pridans ak sajès, konpreyansyon, ak kapasite pou konnen kijan pou mache. Ou wè ke se fo, alò fè atansyon a sa w ap fè, kijan pou . . . Si se fo, fè atansyon menm ak jan w ap apwoche l. Pridan! Fè vrèman atansyon, asire w vrèman ke w konnen kijan pou apwoche l. Fòk ou pridan tankou yon sèpan, doudou tankou yon kolonb. Se sa Jezi te di.

95 Oo, sa yo se pepit, zanmi! Nou te ka jis rete sou sa jou apre jou. Èske yo pa bèl? Pridans, sajès, Li te gen annabondans pou nou, Li devèse! Li pa t ban nou yon kiyè, men li te pran yon gwo pèl epi jis kontinye ap voye l konsa. Li devèse sou nou, sajès ak pridans gras Li! O, gras etonan, ala son an dous!

Kounye a, *kote li te abonde anvè nou nan tout sajès . . . pridans;*

Li te fè nou konnen mistè volonte li, . . .

96 De kimoun L ap pale? Denominasyon yo? Tanpri, frè m yo, pa panse m ap desann denominasyon nou, M p ap fè sa. M ap eseye di nou se te yon move bagay pou kòmanse. Jezi te di: “Ale preche Levanjil la,” nou t al fè denominasyon. Se pou rezon sa nou pa genyen L, n ap mache dapre sajès lòm. Si Calvin te ka resisite!

97 Enben, sa pa fè lontan mwen te kanpe bò tonm grantòm nan, yon gran refòmètè. E m te panse: “Ala yon grantòm li te ye!” Li te! Ebyen, se . . . Mwen p ap . . . Se te John Wesley. Epi m te panse:

“Si John Wesley te ka leve sot nan tonm sa jodi a epi ap gade kondisyon legliz li a, li t ap wont non li!” John Wesley se te yon nonm ki sen, yon ti bwa dife ke yo te rache, jan l te rele l la. John Wesley te yon nonm sen ki te kwè nan Bondye, e ki te mache deyè L pazapa. Men apre John te fin mouri, yo te di: “Nou pral fè yon legliz pou John konsa nou va gen yon legliz, e nou pral rele l legliz Metodis poutèt metòd sanktifikasyon li a ki se yon dezyèm zèv lagras.”

⁹⁸ Answit yo te fè yon legliz, e jodi a mesye legliz yo refize tout bagay ke John Wesley te pran pozisyon pou yo. John Wesley te preche gerizon Divin. John Wesley te kwè nan batèm Lespri a. John Wesley te kwè nan tout restorasyon don yo. John Wesley, Martin Luther, anpil nan gwo mesye sa yo te pale an lang epi te entèprete. Epi, jodi a, ou ta pale an lang nan yon legliz Metodis oswa yon legliz Literyen, yo ta choute w soti deyò pòt la. Kisa k pwoblèm lan? nan moman menm kote nou ta dwe ap plase pitit gason yo, kisa pwoblèm nan ye? Yo te adopte yon lòt bagay, paske yo pa konn mistè Bondye a. E yo p ap janm konnen L atravè yon seminè!

⁹⁹ Kite m jis li yon bagay pou ou. Èske se kòrèk? Dakò. Ann retounen, mwen gen yon bagay ki note la. Ann wè kijan Pòl . . . Kounye a, men ni, men anseyan Mesaj sa a. Ann al nan Ak 9:5, jis yon minit. Tande kijan Pòl te jwenn Revelasyon sa a, kèlkeswa sa k te rive a. Kounye a, nan Ak 9 nou kòmanse li, fason sa a. Sa se klas lekòl di dimanch, kidonk se kisa—poukisa nou pa li l? Fè m konnen lè m depase . . . ? . . .

Epi Sòl, poutan ap respire menas yo . . . (O, ti jwif nen kwochi sa, move tanperaman, Jwif mechan!) . . . ap masakre disip Seyè yo, te ale kot gran prèt la,

Li te mande l yon lèt pou sinagòg Damas la, ke si l te jwenn nenpòt . . .

¹⁰⁰ “M pral chache yo! Si m ka jis jwenn yo, gason m, sa ke m pral fè yo!” Ou wè? “Si m ka jis jwenn yo!” Men li te predestine!

¹⁰¹ Kouman w fè konnen si vye trafikyan alkòl sa anba la pa predestine pou Lavi? Kouman w fè konnen si vye pwostitye sa ke w p ap menm pale avè l la, kouman w fè konnen si yon ti lanmen pou envite l legliz pa t ap fè de li yon sen pou Bondye, lòt bò a nan Laglwa? Lè . . . Kouman w fè konnen si l pa sa? Se sa a nou pa konnen an. Men se devwa nou. Tankou yon pechè pwason ki lanse yon filè nan lanmè epi ki rale l soti, li te pran krapo, pwason, leza, arenyen nan dlo, ak tout lòt bagay, men kèk nan yo se te pwason. Li pa t konnen, li te jis jete filè a. Se sa nou fè. Gade Pòl.

. . . li te vle gen lèt pou sinagòg Damas, ke si l te jwenn nenpòt nan fason sa a, ke yo te gason oswa fanm, li ta ka mare yo epi mennen yo Jerizalèm. (Frè, li te vrèman terib!)

Epi pandan l t ap vwayaje, li te pwoche bò Damas: e bripsoukou te gen yon ekleraj toutotou li. . .

102 “Men yon prèt ki t’ap vin nan chemen an, Doktè F. F. Jones, epi m te di l, ‘Ou bezwen yon—yon eksperyans seminè kounye a, pitit gason m, e mwen kwè ke Bondye ka itilize w.’” Èske sa pa t ap yon Ekriti ki sanble tèrib, pou ta li l konsa? Kounye a, sa jis otan sanse. . . M pa di sa pou pase nan rizib. Sa se, noumenm, sa jis gen menm sans a jan nou vire do kite l jodi a. “Ou konnen, manman w te yon bon moun, mwen kwè w ta fè yon bon predikatè.” Gade sa k te pase.

Epi alò ke—e alò ke l t ap vwayaje, li t ap pwoche bò Damas: epi toudenkou te gen yon limyè klere nan viwonn li toutotou, yon limyè. . . (Wouw, sa te kòmanse yon fason sinatirèl!) . . . yon limyè ki te sot nan syèl:

Epi li te tonbe atè, e li te tande yon vwa ki di. . . Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite m?

E li te reponn: Kimoun ou ye, Seyè? Epi Seyè a te di l, Mwen se Jezi ke w ap pèsekite a: e l ap difisil pou ou pou rejenbe.

Epi li t ap tranble e l te sezi epi li di: Seyè, kisa w vle pou m. . . fè? Epi Seyè a te di l, Leve, epi ale nan vil la, epi yo va di w kisa w dwe fè.

103 E mesye yo te vwayaje avè l, epi yo te kontinye, e yo te jwenn yon nonm. Ananyas, anba la, ki te gen yon vizyon. Sinatirèl sèlman! Epi vye Sòl, vye mouche mechan sa! Ananyas sa a te wè yon vizyon, li te gade anndan lakay li. Li te yon pwofèt, t ap priye lakay li, epi li te wè yon vizyon. Li. . . Seyè a te pale avè l e te di: “Gen yon nonm k ap desann sou wout la lòtbò a, li jis avèg menm jan ak yon chòv souri, e non li se Sòl, li se Sòl ki sot nan lavil Tas.”

104 Li di, “Seyè, mwen tande bagay ekstraòdinè. Pa voye m, mwen se yon nonm ki pa enpòtan. Pa voye m deyè l.”

105 Li di: “Men, gade, sou wout l ap desann nan, m te montre l yon vizyon. Mwen te parèt devan l nan Kolòn Dife a. Mwen te jis rann li osi avèg posib. E m te oblije avegle l epi dekonstonbre l anvan m te ka fè anyen avè l. Ou wè, mwen te dwe depatcha tout teyoloji l yo. Ou konnen, li te—li te—li te yon gwo zotobre nan youn nan legliz sa yo anwo a la. Li te gen tout kalite diplòm, li pa t gen pou konplete anyen, men,” Li te ajoute, “sa M te oblije fè se te retire tout bagay soti nan li.”

106 Se te bagay la sa. Se pa t pou te antre plis nan li, men retire sa nan li. M panse ke se sa k pwoblèm nan ak anpil nan manm klèje nou yo jodi a; wete soti nan ou, kote Bondye ka met Sentespri a nan yo. wete! La, li te reponn ke li. . .

107 Epi li di: “Seyè, men nonm sa a—se—sa a se yon nonm terib.”

108 Li di: “Men, gade, l ap priye. Kounye a, ou pral desann pa yon sèten ri epi w va rive nan yon fontèn. W ap pase fontèn sa ki sou bò gòch la, epi w ap desann. Pral gen yon kay blanch, monte epi frape nan pòt la. Li jis lonje la a nan koulwa a, sa se tout sa yo te fè pou yo te reyisi jwenn li. Poze men w yo sou li, mennen l desann nan rivyè Damas la epi batize l nan Non Jezi. Paske, M ap di nou sa m pral fè, li pral gen pou l soufri anpil bagay pou Mwen, paske li se mesaje Mwen pou Moun lòt Nasyon yo.” Amèn!

109 “Ebyen, kounye a, tann yon minit, Seyè! Kounye a, ki lekòl mwen ta dwe konseye?” M ap di w kisa k gen pou fè, ann li nan Galat pou n wè. Jis pwochen—pwochen chapit ki vin jis apre a. Ann al nan Galat 1, e n ap kòmanse nan vèsè 10 la, epi ann al wè nan ki lekòl Pòl te ale, ki seminè, e kiyès ki te enpoze l lèmen, e, o, tout sa te rive. Galat chapit 1. Pou sove tan, ann kòmanse ak konvèsyon li, vèsè 10 la.

Paske èske m ap konvenk lèzòm kounye a, oswa Bondye? oswa èske m ap chache fè lèzòm plezi? paske si m ap chache fè lèzòm plezi ankò, mwen pa sèvitè Kris.

110 O, la la, la la, la la! Eske m ka jis di yon ti bagay anvan sa la. Galat 1, pran chapit 8 la. Konbyen moun ki konnen ke se Pòl ki te fè moun yo batize ankò nan Non Jezi, Ak 19? Sèten se te li. Ann prann jis yon ti kras pi wo la, 8 la—vèsè 8 la.

. . . menm si noumenm, oswa yon anj ki sot nan syèl la, ta preche nenpòt lòt levanjil ke sa n te preche nou an, se pou l modi.

111 Ki kote w te jwenn Levanjil sa a, Pòl? Vèsè 9 la.

. . . nou di l deja, e mwen di kounye a ankò, Si yon moun preche ba ou nenpòt lòt levanjil ke sa w te tande a, te resevwa a, se pou l modi.

112 Ke l se yon akanj, ke l se yon evèk, ke l se yon siveyan jeneral, ke l se Doktè *Entèl entèl*, kèlkeswa sa l ye a, si l pa preche batèm dlo a nan Non Jezikri, batèm Sentespri a, si l pa preche restorasyon don yo, Vini Kris la, tout bagay sa yo, se pou l modi! Si l eseye pran nenpòt nan Pawòl sa a la pou di se te pou yon lòt jou epi mete l sou kèk nouvo lide debalanse ke nou te aprann nan kèk seminè, se pou l modi!

113 Ann kontinye li, ou wè kijan Pòl te jwenn li, gade kijan, sa m ap eseye di nou maten an.

Paske èske m ap eseye konvenk lèzòm kounye a, oswa Bondye? oswa èske m ap chache fè lèzòm plezi? paske si m t ap fè lèzòm plezi ankò, lè sa mwen pa sèvitè Kris la.

114 Kijan m ka fè ap tann kwakseswa, kijan yon nonm ki renmen Bondye, epi yon predikatè, espesyalman, espere fè nenpòt bagay la san ke lòm pa rayi l? Lèzòm va rayi w. Ebyen, yo te di . . . Jezi te di: “Si yo rele M, mwen Mèt kay la . . . Mwen se Mèt la, pi gran pase nou tout. Mwen se Sila ki ka fè plis mirak epi fè plis ak

Sentespri a ke nou tout, paske mwen gen tout plenitid la nan Mwen. E si yo te rele M 'Bèlzeboul,' konbyen ankò plis yo va rele nou? Men," li te di, "pa panse a sa w pral di, paske se pa oumenm ki va pale, se va Papa a ki abite nan ou, ki va pale nan moman sa. Jis rete drèt ak Pawòl la." E Limenm, lè Li te fin ekri Liv la, Li te di, "Nenpòt moun ki va retire yon sèl Pawòl nan Liv sa oswa ki va ajoute yon sèl mo a Sa, y ap retire menm bagay la nan Liv Lavi a, pou li." Bondye ede nou rete dwat avè L!

115 Kounye a pwochen vèsè a, kite m li kounye a, li byen vit kounye a.

*Men mwen sètifye . . . (Sa se, mennen w nan Jijman.)
Mwen sètifye nou, frè yo, ke levanjil ke m te preche a pa
t selon lòm.*

"Kounye a, mwen pa ni Metodis, Batis, Presbiteryen, oswa Pannkotis; se pa t selon lòm. Ni . . ."

*Paske mwen pa t resevwa l nan men lòm, ni yo pa t
anseye m li, . . .*

116 "Mwen pa t janm resevwa l de lòm, okenn seminè, okenn doktè, okenn divinite, okenn lekòl edikasyon. M pa t janm resevwa l fason sa, m pa t janm anseye l fason sa, m pa t janm jwenn li fason sa, li pa t janm vin jwenn mwen fason sa." Kijan l te vini alò, Pòl?

. . . te anseye l, men pa revelasyon Jezikri.

117 "Lè Kris te revele Limenm a mwen, ke Li te Pitit Bondye a, lè Kolòn Dife a te tonbe sou mwen jou sa, mwen te di: 'Kimoun Ou ye, Seyè?' Li te di: 'Mwen se Jezi.'"

118 Kounye a, m pral montre w kisa—kisa k te rive l. Kounye a, kounye a menm si yon endividi te gen eksperyans, yo ta vle ba l dizan pou aprann Grèk, ak dizan an plis pou aprann yon lòt bagay, e nan moman sa li pati ale. Gade.

*. . . ni pa t resevwa l nan men lòm, ni yo pa t anseye m
li, men pa revelasyon Jezikri la.*

*Paske nou te tandè pale de konvèzasyon m yo nan tan
m te pase yo nan relijyon Jwif la, . . .*

119 "Mwen te yon gwo doktè, gason m. Mwen te bon anpil." Li te anseye anba men Gamalyèl, anseyan ki pi onore ke yo te genyen nan peyi a. Konbyen moun ki konnen ke Gamalyèl se te youn nan gran, pi gran anseyan yo? Wi, mesye. "Relijyon Jwif mwen an, monchè, mwen te metrize l; Mwen te konn tout kijan pou di Kredo Apot yo ak tout bagay sa yo, ou wè. M te konn kijan pou m di tout priyè maten yo epi beni moun yo." Ou wè?

*. . . ki jan ke avèk eksè lè sa mwen te pèsèkite legliz
Bondye a, epi sakaje l:*

"Kijan m te eseye rete pakèt sen eksite sa yo!" Ou wè? Ou wè?

Epi m te tire pwofi de relijyon Jwif la . . .

120 “Mwen te yon nonm ekstraòdinè. Monchè, mwen reyèlman. . . Mwen te pwofite, mwen te montre yo ke m te ka kraze moun sa yo, paske mwen te touye Etyèn ak yon pakèt lòt bagay mwen te fè. Ou wè kijan m t ap byen mennen!” Kijan ke li te konn pèsèkite depase limit!

Mwen te pwofite de relijyon Jwif la pi plis pase anpil moun ki egal avè m nan pwòp nasyon m nan, lè m te ekstrèmeman zele pou tradisyon zansèt pa yo a.

121 Kounye a, sonje, pa Pawòl Bondye a, “tradisyon zansèt yo,” tradisyon legliz, nan lòt mo. “Mwen kwè m te yon Metodis jouk nan nannan, mwen te yon Batis jouk nan nannan, mwen te yon Pannkotis jouk nan nannan.” O o, se sa w ye? Mwen vle Bondye jouk nan nannan. Ya, se sa. Ou wè? Dakò.

. . . tradisyon zansèt mwen yo.

Men lè sa te fè Bondye plezi, . . . (o, o, Pòl, men w rive) . . . ki te separe m depi nan vant manman m, ki te menm mennen m nan mond sa, e ki te rele m pa gras li,

Pou revele Pitit li nan mwen, . . .

122 Kouman sa? “Sentespri a nan mwen! Sa te fè Bondye plezi pou pran m, ki te separe m depi nan vant, pou ban mwen Pitit la, ki se Sentespri a sou fòm Lespri, nan mwen, pou revele Tèt Li nan mwen.” O, la la! Wouw! Mwen—mwen—mwen kwè mwen vle rele anmwe jis yon ti kras.

123 Gade, kite m di w, frè. Lè sa te fè Bondye plezi! O, alelouya! Lè sa te fè Bondye plezi! Yon papa tafyatè. Yon manman. . . Bondye beni w, manman, m p ap di anyen kont ou. Men yon manman ki pa t konn plis sou Bondye ke yon lapen te konn sou rakèt pou mache nan lanèj. Epi yon papa ki te blayi tou sou nan tout lari. E san m pa menm gen soulye pou al lekòl, ak cheve m long rive nan kou m, e tout moun te rayi m paske m te yon moun Kentucky bò isit la nan Indiana. E kouman, o, ala yon sèn ki te santi move. Men sa te fè Bondye plezi! Amèn! Sa te fè Bondye plezi, Ki te separe m depi nan vant manman m, pou L te ka revele Pitit Gason Li a nan mwen, lè li te fè m yon minis Pawòl la, ki t ap rete dwat avèk Li, ki t ap montre vizyon ak siy ak mèvèy ak mirak. Epi, o, la la!

124 Ou wè de kisa L t ap pale? Sa te fè Bondye plezi pou fè sa! Kouman? Koute byen. “Pou re- . . .” Pran vèsè 16 la kounye a.

Pou revele Pitit Gason li a nan mwen, pou m te ka preche l nan mitan payen yo; touswit mwen pa t al pale ak legliz:

125 “Mwen pa t janm al kot okenn evèk pou te mande l kisa m te dwe fè. Mwen pa t janm ale kot okenn chè ak san, okenn òganizasyon oswa nenpòt lòt bagay la. Mwen pa t janm gen anyen pou wè ak yo. Mwen pa t janm konsilte chè ak san. Mwen pa t ale non plis nan Jerizalèm pou al kot tout gran prèt sen yo ak zansèt

sen yo, ak tout moun sa yo, pou te di: ‘Kounye a, ou konnen, m te gen yon vizyon, kisa m dwe fè pou sa? Mwen te wè Seyè Jezi beni a nan yon vizyon.’ Yo te di: ‘retire kò w la, ou menm! Kisa . . . Ou menm moun k ap manifeste nan lespri! Ebyen, kisa k te rive w?’ Non, mwen te gen tout diplòm yo a pou kòmanse. M te gen . . .”

¹²⁶ E Pòl te di bò isit la, mwen ka montre w nan Lekriti, ke l te di li te dwe bliye tout bagay ke l te janm aprann, epi konsidere l tankou anyen, pou l te ka konnen Kris. O!

Mwen pa t ale non plis nan Jerizalèm wè sa yo ki te apot anvan m yo; men mwen t al an Arabi, e m te tounen ankò nan Damas.

Epi apre twazan mwen te monte Jerizalèm pou m wè Pyè, e m te rete avè l pandan kenz jou.

¹²⁷ E pandan n ap kontinye li, nou jwenn ke limenm ak apot Pyè pa t janm wè youn lòt nan lavi yo, youn pa t janm konn lòt, pa t janm wè youn lòt, men lè yo te vin ansanm yo t ap preche menm Levanjil la. Bondye gen yon lekòl. Ou wè? Ya!

¹²⁸ Men Pyè, ki te kanpe Jou Pannkot la, li te di, “Repanti nou, nou chak, batize nan Non Jezikri, pou padon peche nou yo, nou va resevwa don Sentespri a.”

¹²⁹ Filip te di: “O, ala sa a glorye! Mwen dwe fè yon bagay tou. Anba a nan . . . Mwen te resevwa yon apèl anba a pou Samari.” M te desann la epi m t ap temwaye nan lari a. Premye bagay la, yon moun malad te apwoche, li te mete men sou li, epi li te kòmanse sote ponpe. Li di: “Glwa pou Bondye, men nou!” Li te kòmanse ak yon gwo reyinyon. Li te di, “Nou tout bezwen Sentespri a.” Li te di, “Sa w dwe fè, ou dwe batize nan Non Jezi.” Alò li te mennen yo, yo chak, laba la epi li te batize yo tout nan Non Jezi. Li di: “Vini non, Pyè, poze men w sou yo kounye a.” E yo te gen Sentespri a.

Pyè, anwo lakay Kònèy, menm jan an.

¹³⁰ Pòl pa t janm menm wè l oswa tande anyen sou li. Men li t ap travèse kòt Efèz anwo yo, e li te jwenn kèk nan disip yo. Li te jwenn yon predikatè Batis, se te, Apolòn, yon avoka konvèti, entèlijan, savè, li ka pran Ansyen Testaman an epi pwouve pa Li ke Jezi se te Pitit Bondye a. Wi, mesye, li te yon nonm entèlijan. Epi yo t ap rele fò, yo t ap rejwi yo. Bib la di sa. Li chapit 18 ak 19 nan Ak pou wè si se pa vre. Yo t ap rejwi, yo t ap danse nan Lespri, epi yo t ap kouri toupatou, ou konnen. Pòl te di: “Men èske nou te resevwa Sentespri a depi lè nou te kwè a?”

¹³¹ E pou noumenm frè Batis yo k ap eseye foure sa desann nan gòj moun yo, e yo te di ke Grèk orijinal la di, “Èske nou te resevwa Sentespri a depi, oswa lè nou te kwè?” Mwen ban nou defi pou mennen Grèk la ban mwen! Mwen gen orijinal Grèk la nan pwòp men pa m. Mwen genyen tou Arameyen an, ak Ebre a, tou. Yo chak di, “Èske w te resevwa Sentespri a depi lè w te kwè a?”

132 “Pa lafwa ou te sove,” sa se fwa w nan Bondye. San an kenbe w pwòp kont peche, paske li fè yon sakrifis. San an pa sove w, San an kenbe w pwòp. Kijan ou te sove? “Pa lafwa ou te sove,” e se pa presyans Bondye, ki te rele w. Ou te sove, e San an fè yon ekspyasyon, ap kenbe w pwòp tout tan. Epi apres a pa yon sèl Espri ou te batize nan Sentespri a, nan fratènite kwayan yo, epi antre nan fratènite Sentespri a, pou ke Lespri kondwi w, ap demontre siy, mèvèy.

133 Tann, n ap rive, n ap tann yon bagay, jis yon ti moman n ap jwenn li, nou espere ke n ap jwenn li kanmenm. Mwen te di w pou w rele m nan moman sa, se pa vre? Sa te jis rive m te gade l. Jis yon—jis yon mo oswa de anplis. Jis yon. . . Se—se yon ti bagay anplis.

134 Konbyen tan sali sa a ap dire, konbyen tan? Ki jan de sali li ye? Pase de yon legliz a yon lòt? Apati de. . . Ann ale nan Ebre 9:11, jis yon minit, jis—jis pou gade pou wè konbyen tan, jis pou kèk minit. Ale nan Liv Ebre a epi annou—ann dekouvri jis konbyen tan sali sa ap dire. Gade ki jan de sali li ye. Ann li kounye a Ebre 9:11.

Men Kris ki te vin antan ke gran prèt pou bon bagay k ap vini yo, li travèse tabènak ki pi gran e ki pi pafè a, ki pa fèt ak men lòm, sa vle di, . . . (Kounye a se menm anseyan an, Pòl, ou wè). . . se pa de bilding lan. . . bilding sa a;

Ni ak san bouk kabrit oswa ti bebe bèf, men pa pwòp san li li te antre yon fwa (konbyen fwa? Yon fwa!) nan lye sen an, li te jwenn. . . (sali pou yon semèn, sali jouk pwochen revèy la? Ki kalite?). . . redanmsyon etènèl pou nou.

135 Kisa mo “Etènèl la” vle di? Nan Kris, apre m te fin kwè. . . Pèsonn paka rele Jezi, “Kris,” sòf pa Sentespri a. Se poutèt sa gen twa kategori moun: enkwayan yo, swadizan kwayan yo, ak kwayan yo. Men sila yo ki te kwè nan Lavi Etènèl la, te antre nan pòt prensipal yo.

136 Pran ansyen tabènak la, ki premye bagay yo te fè? Yo te antre pa pòt prensipal yo, Moun lòt Nasyon yo. Apresa se te lotèl an kwiv la, kote yo te konn lave sakrifis la nan kivèt annò a. Apresa se te touye sakrifis la, epi simaye san an sou lotèl la. Answit, yon fwa pa ane, Arawon te wenn, o, (ak kisa?) ak pafen Woz Sawon an, ak lwil presye ki te gen pafen ladan l, yo te vide l sou tèt li, li te desann jouk nan tout woulèt jip li. Obsève kijan nonm sa te dwe al dèyè rido yo, yon fwa pa ane, ap pote san devan l pou Syèj Mizerikòd la. Epi yon ane li te pran baton l lan e li te bliye l. Lè yo te retounen dèyè l, li te boujonnen epi fleri. Yon vye baton ke l te pote petèt pandan karant an nan dezè a, ke l te depoze nan Lye Sen sa! Gade, lè yo te pran san alyans lan, san an, li te wenn. E li te gen rad sou li ki te gen ti klòch k ap sonnen yo, yon grenad ak

yon klòch. E nonm sa te dwe mache nan yon fason ke chak fwa l te bouje pye li, pou l te bouje *konsa* epi fè yon pa, yo te konn sonnen “Sen, sen, sen, pou Seyè a. Sen, sen, sen, pou Seyè a. Sen, sen, sen, pou Seyè a.” O, la la!

137 De kisa m ap pale? Koute Sa, Branham Tabènak! Ou te gen chans ou. Lè yo wenn yon nonm yon fwa ak Sentespri, pou yo te adopte nan fanmi Bondye a, pou Papa a te plase l nan pozisyon l, epi mete l an sèvis deyò la, nan objektif lavi li, oswa pou sa Bondye te rele l la, mach li dwe “Sen, sen, sen, pou Seyè a. Sen, sen, sen!”

“O, ou dwe mete w apa pou *sa* epi vin . . .”

“Sen, sen, sen, pou Seyè a.”

“O, ou dwe kwè tout sa ansyen an te di, *sesi*.”

138 Men, “Sen, sen, sen, pou Seyè a.” Se pou Pawòl Li pase an premye, Se pou L se tout sa ki genyen, plonje, tabli nan kè w! Mach ou dwe nan Pawòl la. “Sen, sen, sen, pou Seyè a.”

139 “O, si w jis vin bò isit la! M ap di w sa n ap fè, n ap òganize, mete w nan òganizasyon nou an, ou va yon gwo zafè.”

140 “Sen, sen, sen, pou Seyè a. Sen, sen, sen, pou Seyè a.” Annavan!

141 Sa pa fè okenn diferans sa nenpòt moun di: “Rantre kasèt sa yo! Fè *sesi*! Fè *sesi*! Fè *sela*! Fè *sela*, oswa se *lòtbò*!”

142 “Sen, sen, sen, pou Seyè a.” Ou gen je w fikse nan direksyon Kalvè a, e pa gen anyen ki pral rete w! Se menm bagay la nan lavi w, w ap mache sou Otowout Wa a, wenn ak Lwil onksyon presye a, k ap antre nan Lye trè Sen an. Wouy! Amèn. Dakò.

143 Pòl te di li pa t resevwa Sa de lòm. Kounye a kisa l di, ann retounen nan Galat, lesou nou an? “Li te fè nou konnen mistè volonte L.” Kisa volonte L ye? “Fè konnen mistè volonte L.” Oumenm k ap pran nòt, vèsè 9 la. Kounye a mwen pral depeche m vit pou sotì sa a, paske nou kòmanse an reta.

144 O, chak Pawòl se tèlman yon . . . ? . . . O, chak Pawòl se yon boul lò. Ou ka jis pran Li epi jis kontinye ap poli L. Ou ka fouye, mwen ka . . . Ou ka pran youn nan Pawòl sa yo la, mennen l nan Jenèz epi poli l, mennen l nan Egzòd epi poli l ankò, ou ka mennen l nan Levitik epi poli l ankò, epi, letan pou rive nan apokalips, chak ti moso Se Jezi! Amèn. Ou ka jis poli l otan ke w vle, se va Jezi lè w rive sou—lè w rive nan Apokalips. Paske, Li te di: “Mwen se Sila ki Te la, Ki la, e ki Ap Vini. Mwen se Rasin ak Desandan David, Etwal Maten an. Mwen se Alfa, Omega.” Sa se A ak Z nan alfabè grèk la. “Mwen pati de A a Z. MWEN SE! Mwen se Tout-nan-tout.” Se vre. “Mwen se Sila ki te vivan e ki te mouri, e ki vivan pou tout tan. Mwen gen kle lanmò ak lanfè.” O, la la! Chak boul lò ou ranmase la epi ou kòmanse ap poli l, l ap poli al drèt nan Jezi.

145 Kounye a, jis yon ti tan ankò epi apres a n ap—n ap—n ap—n ap, n ap kanpe. Ya. Kisa n ap tann, alò? Poukisa w isit la nan reyinyon an? Kisa objektif la ye? Poukisa mond lan ap plenn? Poukisa bonm atomik lan pandye laba a, kisa molekil yo ak atòm yo ye? Epi, o, kisa tout bagay sa yo ye?

146 Tounen nan, Women 8 lan, jis yon minit. Kisa sa ap tann? Kisa tout bagay sa yo ap tann? Ki lè li ye? Women, chapit 8, e ann kòmanse li apeprè, o, mwen ta di uit- . . . Annou kòmanse ansanm apati nev- . . . vèsè 19 la, epi jis—jis li la menm pou rann li—rann li vrèman byen. Se vre. Mwen konnen kote w ap rive la. Dakò. Women, chapit 8 la, mwen kwè mwen jwenn li kounye a. Wi, mesye. Chapit 8 la, epi ann kòmanse la apeprè nan vèsè 18 la. Annou jis kòmanse nan vèsè 14 la.

Paske tout moun ke Lespri Bondye kondui yo, yo se . . . pitit Bondye. (Se vre.)

Paske nou pa resevwa lespri esklavaj ankò pou laperèz; . . .

147 “O, m ap mande m si m ka jis retni m. Oooh, si m te ka jis retni m kounye a!” Retni anyen! Se pa si m te retni m, se si Li te retni m. Mwen nan Li kounye a, ou wè.

148 Ebyen, ou di: “Ebyen, si m nan Li!” Kounye a nou—noumenm Presbiteryen nou di: “Ah, nou te toujou kwè Sa.” Men lavi w pwouve ke w pa kwè, sòf si w mennen jan de vi ke L te mennen an, sòf si w kwè menm Levanjil Li te preche a.

149 Ou di: “Ah,” Batis la di, “sèten, mwen kwè nan sekirite Etènèl.” Epi soti la epi fimen siga epi al danse, epi fanm yo koupe cheve yo, pentire figi yo epi ap ajì tankou mwen pa konn kisa? Fwi w yo pwouve ke ou pa kwè Sa.

Lè m di: “Èske w kwè nan gerizon Divin?”

“O, Doktè Jones di ke se te *konsa*, se te nan epòk avan yo.”

150 Kounye a, ipokrit ke w ye! Ki pwoblèm ou? Ou menm pòv timoun ke yo twonpe. Ou sitèlman lwen Levanjil la jouk sa fè pitye. Ou te detounen sòti al sou wout labou sou yon pil fatra k ap boule. Èske nou pa wè la kisa L te di? Ke, tout espri ki konfese ke Jezi pa vini nan lachè kounye a menm, vin de movès espri a. Bib la di Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Sa Li te di lè sa, Li sa kounye a, Li toujou fason sa. Jis tandè.

Paske nou pa t resevwa lespri esklavaj la ankò pou laperèz; men nou te resevwa Lespri a- . . . [Kongregasyon an di, “Adopsyon.”—Editè a.]

151 Kounye a, apre ke w fin adopte, dakò, apre w fin adopte. Yo te plase w, alò ou konprann, apre sèmoni an fin fèt e yo te mete w nan Kò a kòrèkteman. Ou se yon pitit gason, sèten, yon pitit fi, lè w ne de nouvo se sa w ye, sa se nesans ou. Men kounye a w ap plase nan pozisyon w.

Nou pa t resewa lespri...laperèz; men nou te resewa Lespri a—nou te resewa Lespri adopsyon an, se poutèt sa nou pouse kri, Abba, Papa. (Ki vle di, “Bondye m nan.” Dakò.)

Lespri a limenm rann temwayaj a lespri nou, ke nou se—nou se pitit Bondye:

152 Kijan sa fè fè l? Ou di: “Glwa pou Bondye! Alelouya! Sa pa deranje m, mwen se yon pitit Bondye,” epi sot deyò a pou fè bagay w ap fè yo? Lespri Bondye va fè zèv Bondye.

153 Jezi di: “Sila yo ki kwè nan Mwen, zèv Mwen fè yo yo va fè yo tou.” Ou wè? Ou wè?

154 Si—si—si—si pye rezen sa a pouse epi l pwodui yon pakèt grap rezen, epi lòt la te vini e li te pwodui on pakèt joumou, gen yon bagay ki pa mache. Ou wè? Se yon legliz ki grefe, se yon pye rezen ki grefe, se yon moun ki grefe. Si yon moun nan yon denominasyon kèlkonk, li fè pati yon denominasyon epi ap rele tèt li yon Kreyen, e san l pa gen Sentespri a epi san l pa gen Pwisans Bondye ak tout bagay sa yo . . .

155 Kounye a, si w soti deyò a pou ap aji tankou yon pakèt moun ki te sou sa yo, jis paske w ap pale an lang. Mwen te wè demon ap pale an lang. Wi, mesye. M te wè yo danse nan lespri, ap rele epi ap kimen nan bouch, ak tout lòt bagay, ak tout bagay sa yo, e tou sa. Mwen te wè sa. Mwen se yon . . . Mwen p ap pale de sa. M ap pale de Lespri Bondye.

Lespri a limenm rann temwayaj a lespri nou, ke nou se . . . pitit Bondye:

E alò si yo se pitit, yo eritye; eritye Bondye, . . . eritye ansanm ak Kris; si se sa . . . ke nou soufri avè l, pou nou ka . . . glorifye ansanm tou.

Paske mwen konsidere ke soufrans lan . . .

156 Jis koute sa a. Oo, se pa yon bèl bagay!

Paske mwen konsidere ke soufrans tan prezan sa a pa diy pou yo konpare l ak glwa ki va revele nan nou an—nan nou.

Paske atant sensè kreyati a . . .

157 L ap rele pasi, te gen yon ti—te gen yon ti mo pala, yon ti lekti nan maj la, “kreyasyon” sa kòrèk, nan lang grèk.

. . . atant kreyasyon an, kreyasyon an ap tann vrèman manifestasyon pitit Bondye yo.

158 Kisa tout bagay ap tann? Kisa tout kreyasyon an nèt ap tann? Manifestasyon pitit Bondye yo. L ap tann Legliz la vin nan pozisyon Li. Kimoun ki te pitit Bondye a, lè Adan, ki kote domèn li te ye? Sou tè a. Limenm, li te gen pouvwa sou tè a. Pa vre? Li pa t Elah, Elah, Elohim lè sa; Li te Jewova. Ou wè? Sa vle di: “Mwen se Bondye, e mwen fè kèk lòt enferye a mwen. E mwen

ba yo pouvwa. E nan domèn yo, sa yo gen pouvwa sou li, se tè a.” Lòm te gen pouvwa sou tè a. E tout kreyasyon an nèt ap tann pitit Bondye yo manifeste. Oo!

N ap veye gwo jou kontantman Milenyòm sa k
ap vini,
Lè Seyè beni nou an va vini pou anlve Lepouz
Li ki t ap tann;
O, tè a ap jemi, ap kriye pou jou liberasyon dous
sa,
Lè Sovè nou an va tounen sou tè a ankò.

¹⁵⁹ Èske se sa? Ap tann. Bondye ap eseye plase Legliz Li an pozisyon, pou manifeste Limenm, pou jwenn youn ke L ka travay travè li fason sa a, pou ap di, “Men Lespri M k ap koule gratis. Men Li. Pou, pou, M—M ka travay.” La, jwenn yon lòt la epi plase l, “Mwen ka plase l.” Adopsyon, plasman, manifestasyon, pran l deyò a la epi prepare yon seremoni pou li, vizite l ak yon Anj, di l yon bagay. Kounye a, si l te di laverite! Bon si l jis ap fabrike yon bagay, sa p ap mache. Non, non, sa—sa pa p mache, nou te gen anpil konsa. Men mwen vle di—men mwen vle di manifestasyon pitit Bondye yo, lè Bondye manifeste tèt Li epi Li voye l. Epi apres a l ale, e sa l di se Laverite. Sa l fè se Laverite. Sa l fè, li manifeste Kris. Kijan w ap jije l? Pa fason li rete ak Pawòl la, drèt ak Pawòl la. Ou wè, se konsa ou konn tout òm, se fason li rete ak Pawòl la. “Si yo pa pale dapre Pawòl la, pa gen pyès Lavi nan yo,” Bib la di. Ou wè? Kenbe yo lwen.

¹⁶⁰ Kounye a ann li, apres a nou—nou pral oblije rete, paske tan nou ap file. Dakò, nan vèsè 10 la, oswa vèsè 9 la, pito.

Li te fè konnen pou noumenm mistè volonte li, (pou adopte nou) selon bon plezi li ke li te fòme nan limenm:

¹⁶¹ Li te fikse sa Li menm, anvan fondasyon mond lan. Konbyen moun ki konprann sa? Ou wè?

Ke nan dispansasyon an . . .

¹⁶² O la la, men nou ankò! Enhen! Oo, kite—kite—ann jis pase l, ou wè.

. . . dispansasyon plenitid tan an . . .

¹⁶³ Èske w kwè nan dispansasyon yo? Bib la di konsa: “Nan dispansasyon plenitid tan an.” Kisa ki plenitid tan an? Te gen yon dispansasyon, ebyen, te gen yon dispansasyon Lwa Moyiz la. Te gen yon dispansasyon—pou—pou Jan Batis. Te gen yon dispansasyon pou Kris. Te gen yon dispansasyon òganizasyon legliz. Te gen dispansasyon devèsman Sentespri a. Kounye a se dispansasyon adopsyon an, sa mond lan ap tann lan, ap jemi. “E lè plenitid tan an va rive, lè dispansasyon plenitid tan an,” kisa plenitid tan sa ye? Lè mò yo ap resisite, lè maladi sispann, lè . . . lè tout tè a sispann jemi. “Plenitid dispansasyon tan an.” Siveye sa a.

Lè nan dispansasyon plenitid tan yo li ka rasanble ansanm nan yon sèl tout bagay nan Kris, . . .

164 Èske w pa kontan? Kijan Li pral fè sa? Rasanble tout bagay ansanm nan Kiyès? [Kongregasyon an di: “Kris.”—Editè a.] Kijan w antre nan Kris? [“Pa yon sèl Espri.”] Pa yon sèl Espri nou tout batize nan [“yon Kò”] yon sèl Kò. E Kò sa se Kò Kiyès? [“Kris la.”] Deja jije. Li te pran jijman nou. Alò kisa nou ye? “Lè m wè [“San.”] San an, m ap pase anlè w.” Chak fwa Li gade Kò a, men Li depoze la, plen san. Mwen anndan la pa ki mwayen? Sentespri a. Li jis ap pase anlè. Oo, la la!

E lè plenitid dispansasyon tan an, pou l ka rasanble ansanm . . . tout bagay nan Kris, alafwa sa k nan syèl, . . .

165 Kounye a si w vle pale de yon non, n ap jis kòmanse avè l kounye a pou yon ti moman. Ki non tout fanmi nan Syèl la pote? [Asanble a di: “Jezikri.”—Editè a.] Ki non tout fanmi sou tè a pote? [“Jezikri.”]

166 Gen kèk fi debyen isi a, kòrèk, rich, de vrè dam, medam yo. Gen yon sèl Madan Branham, Madan William Branham, li se madanm mwen. Li pral lakay avè m. Ou wè, rès nan noumenm yo nou pral ak mari nou.

167 Gen yon sèl gran Legliz vivan pou Bondye vivan an, Li pote Non Li, Li ranpli ak Lespri Li. Se vre. Mwen pa di . . .

168 Mwen pa kondane bon zèv yo, mwen pa kondane lopital yo ak bon bagay ke y ap fè. Mwen panse ke sa se bèl bagay, epi se benediksyon Bondye pou pòv limanite, k ap soufri. Mwen pa kondane tout lòt bagay sa yo ke y ap fè. Se byen, se jis kòrèk. Epi gwo òganizasyon ak plizyè milyon dola, Mwen sèten m ta prefere wè sa ke boutik alkòl nan kwen an, nenpòt lè a. Mwen sètenman onore yo antan ke minis ki kanpe deyè chè.

169 Men lè li kesyon pou rasanbleman ansanm nan fen dispansasyon an, sa ap tann manifestasyon pitit Bondye yo, nan dispansa- . . . pou L ka rasanble tout ansanm, tout sa ke yo te fè antre nan Kris la. Kisa Kris ye? Konbyen . . . Kijan nou antre nan Li? Premye Korentyen 12, “Pa yon sèl Espri nou tout te batize nan yon sèl Kò,” ki se Kò Kris la, e li te fè nou patisipe nan tout don ak tout bon bagay ke L te genyen. Èske se sa? “E tout tè a nèt ap jemi, ap pouse kri, ap tann manifestasyon lè Kris ak Legliz Li va ini ansanm.”

Sa . . . dispansasyon plenitid tan an . . . rasanble ansanm nan yon sèl . . . nan tout Kris la, alafwa sa k nan syèl, ak sou tè a; epi menm nan li: . . . latè; menm nan li:

Nan limenm . . . nou te jwenn yon eritaj, . . .

170 O, Frè Neville, eskize m poutèt m ap pran tan sa a. Mwen . . . mo sa “eritaj.” O-o-o-o! O, sa ta dwe! O-o-o-o! M konnen Li . . . Se Frè menm san avè m. Mwen pa . . . Mwen espere ke m pa fou.

Mwen—mwen—mwen jis . . . M pa kwè ke m fou. Men, oo, la la! Yon kisa? “Yon eritaj.” Nou te jwenn yon eritaj. Yon moun dwe kite yon bagay pou ou. Bondye, anvan fondasyon mond lan, te kite yon bagay pou ou. Yon non ki ekri nan Liv la, ke lè Ayo an ta sakrifye yo ta rekonèt gras a Sa. Oo! Ann sere sa pou aswè a. Annou jis li jis yon ti kras. Oo la la, o la la! Kijan n ap janm rive nan vèsè 3 aswè a, oswa chapit 3? Nou pa t menm pran kat oswa senk vèsè nan sa a. Kounye a n ap prepare n pou fini, menmsi, m ap jis gen pou m li l epi kite sa.

Nan limenm tou nou te jwenn yon eritaj, antan . . .

¹⁷¹ Kisa? Kijan nou fè jwenn eritaj sa a la? Kijan nou te fè jwenn li? Paske nou te mache dwat? Kijan nou fè jwenn eritaj sa a? Paske nou te predestine. Amèn. Wouy! Frè Ameyen m yo, mwen konnen sa difisil anpil. M pa gen lide pou m blese santiman, men sa jis fè m tèlman byen pou m konnen ke l . . . Ou—ou—ou genyen l, ou genyen l, frè, se kòrèk. Ou jis pa wè l. Ou jis jwenn li kanmenm. Ou wè? Ou byen kòrèk, ou wè, ou vrèman byen. Ou wè? Men, oo, men se tèlman bon pou gade l. Wi. Jis tankou sa Frè Neville te di konsènan gwo sal amizman an, ayè, “Chache yon nechèl epi al fè wonn nan pou wè sa w ap jwenn.” Wi, mesye. Se a sa Sa sanble. Sentespri Bondye se eskalye nou pou di nou kisa n ap jwenn. Ou wè?

¹⁷² Ou wè, yon eritaj. O, la la! “Antan . . .” Kijan de eritaj?

. . . akoz ou predestine selon dispozisyon sila k ap opere tout bagay dapre konsèy pwòp volonte l:

¹⁷³ Lè Li te . . . anvan Li te yon Papa, anvan Li te Bondye, anvan Li te yon Sovè, anvan Li te yon Gerisè, anvan tout bagay sa yo, Li te predestine, te mete Non Ayo an nan Liv la, li te gade anba a gras a presyans Li epi te wè non w, mete l ladann tou. Kisa sa ye? Epi apre yon ti tan nou vin nan mond lan, paran pechè bannou nesans; nou t ap tounen anwon nan monn lan, ou konnen. Premye bagay ou konnen, tankou ti Jwif nen kwochi sa, Pòl, ou konnen, e—e li t ap okipe afè l, epi, premye bagay la, Yon Bagay te di: “La, la, la, la, la!”

Ou di: “Oo, Abba, Papa!”

¹⁷⁴ La nou te kòmanse rive, ou wè. Li te predestine nou pou eritaj nou an nan Li, sa ki te predestine pou nou. Ou wè, nou te eritye l anvan fondasyon mond lan. Ou wè? O! Pou Pwòp dispozisyon Li pou fè Pwòp bòn volonte L, se sa egzaktman, pou L vin yon Bondye e yon Sovè.

Nan limenm ou te met konfyans ou tou, apre ke w te fin tande pawòl verite a, . . .

¹⁷⁵ E Kimoun ki se Verite a? Jezi se Verite a, Verite Levanjil la. Ki Levanjil? Gen yon sèl Levanjil. Galat 1, te di: “Menm si yon Anj ta preche yon lòt levanjil, se pou l modi.” Sa a se Levanjil la, Levanjil salì w la; pa yon lòt, pa gen yon lòt. “Pa—pa yon lòt

non ki te bay anba Syèl la kote w dwe sove.” Men nan Non kisa? [Kongregasyon an di: “Seyè Jezikri.”—Editè a.] O, mwen!

. . . nan limenm . . . apres a ou te kwè, ou te sele . . .

176 Oo, “Apre w fin kwè!” Kijan nou ka fè jis pase sou sa, frè? Ann jis kite l pou aswè a, kisa w di? O, la la! Mwen—mwen jis paka ale pi—pi lwen ke sa. Ann kite l pou aswè a. Mwen jis paka kite mo sa “sele,” jan w te antre la, ou wè.

177 Eritaj atravè predestinasyon. Mwen te eritye yon bagay. Ki eritaj? Te dwe gen yon moun ki kite yon eritaj pou mwen. Enben, ou di: “Jezi kite yon eritaj pou ou.” Ekskize m! Jezi pa t janm kite yon eritaj pou mwen, Jezi pa t janm kite yon eritaj pou ou; Li te sèlman desann epi peye pou eritaj ou a, te mennen w nan eritaj ou. Men ou te gen non w ki te ekri nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. Se Bondye ki ba w eritaj ou. Eritaj ou a te an premye. Jezi te sèlman vini . . . Anpil, men fason yo eseye fè l, “se Bondye k ap pale, ‘Ebyen, gen anpil moun ki pèdi. Pa gen youn nan yo k ap sove, kidonk m ap voye Jezi anba a e petèt Li va . . . yon moun va gen pitye, epi konnen sa M te fè epi vin sove.” Oo, mizerikòd! Mwen pa t ap jere biznis mwen konsa, menm si pafwa m gen ti pwoblèm. Ou wè? Mwen—mwen pa t ap fè l konsa. Alewè pou Bondye?

178 Bondye, gras a presyans Li, te wè egzaktman kilès ki t ap sove e kilès ki pa t ap sove, Li te voye Jezi sove sa yo ke L te deja chwazi. Eske Pòl pa t di, senk vèsè apre sa a, ke “Li te chwazi nou nan Limenm anvan menm te gen yon mond”? Sa se eritaj nou. Bondye ki te chwazi nou, epi kite Jezi vini pou peye pri a. Poutèt kisa? Pou ke vèsman San Li an, pou ke okenn peche pa t ap konte pou nou. Se pa anyen w fè. Men si w . . .

179 “Sila ki fè peche ekspres apre li fin resevwa konesans Verite a, pa gen okenn sakrifis ankò.”

180 Bon, men kote w ap leve ankò, pou di, “Sa k rive a sa, Frè Branham?”

181 Men jis raple w, ou wè, “sa yo ki te resevwa *konesans Laverite*.” Yo pa t janm resevwa Verite a, yo te jis resevwa konesans sou Li. Ou wè? Li enposib pou sila yo ki te eklere yon fwa, ki te patisipe nan Sentespri a, ki te goute pwisans bon Pawòl la. Tankou kwayan dènye limit yo laba. Gen sitèlman moun ki te ekri m anpil lèt sou sa.

182 Kwayan dènye limit sa yo te monte jouk la, Jozye ak Kalèb te al dirèkteman laba. Poukisa? Kounye a n ap rele sa Sentespri a, peyi laba. Men yo te retounen *isit la*. Oswa *anwo la*, ap di *sesi* se Sentespri a, e yo te retounen *isit la*, ou wè. Men kote pwomès la ye, se *la a*. “Ebyen, si yo te voye dis espyon, youn pou chak tribi, pou ke nou tout tribi yo ka konnen kisa eritaj nou an ye, kote yo tout ap plase laba, kote y ap plase nou.’ Kidonk, m ap voye kèk espyon.”

183 Yo tout te rive laba, “O, la la! Non. Yo pral rele nou sen eksite yo, apati de moman sa. Non, en-en, nou paka fè sa.” Ou wè?

184 Jozye ak Kalèb te di: “M pral wè ak kisa sa sanble.” Konsa yo te vin bò isit la epi yo te gade toutotou. O la la, yo te rive anwo a la epi yo te koupe yon gwo grap rezen e yo te retounen desann. Li te di: “Mezanmi, se sa, sa jis byen! Men, pran kèk nan yo, yo vrèman bon!”

185 “O, sa bon, men, o, gade gwo sa yo. . . O, nou paka fè sa. Kanpe kont tout gwo denominasyon sa yo, tout gwo bagay sa yo? O, se byen domaj, nou paka fè l. Non, mesye! Pe enpòt kimoun li ye, nou pa kapab. Non, mesye.” Epi yo te kòmanse di: “O, ann retounen nan chodyè vyann Lejip yo. Nou te ka fè osi byen rete anba la. Nou paka fè sa, wout sa twò rèd. Nou konnen nou paka fè *sesi*, nou paka fè *sela*.”

186 Vye Kalèb te di: “Rete trankil, nou tout!” Jozye te di: “Fèmen bouch nou, chak nan nou! Kite m di yon bagay.”

187 “O, elas, elas, elas, nou pa ka fè sa! O, nou pa kapab. Ebyen, si m te oblije kite jwèt kat mwen an, Frè Branham! Si m oblije kite cheve m pouse tankou kèk vye granmoun fanm, m jis pa konn kisa m t ap fè. Si m dwe retire ti bout pantalon m yo, mwen—mwen—mwen, o la la, mwen jis pa kapab, ou konnen. E si m ta oblije kite siga m yo, si m ta dwe fè sa!” Ou se yon egzanp volontè ki fè pitye. Wi. “Ou jis pa ka fè l.”

188 Jozye te di: “O, se byen. Alelouya! Nou ka pran l.” Kisa sa te ye? Yo t ap gade gwo vil yo ak ranpa miray. Epi Jozye ak Kalèb t ap gade yon pwomès Bondye te fè. Rete ak Pawòl la, kèlkeswa moun ou ye a. Rete ak Pawòl la!

189 Paske Pyè te di: “Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou, paske pwomès la se pou nou,” (ki Tè pwomiz?) “e pou pitit nou yo, ak sila yo ki byen lwen, menm tout sa ke Seyè Bondye nou an va rele.”

190 Pa kite sa blese santiman w, pou fini, tanpri pa fè sa. Ou wè? Se la noumenm Pèleren Sentete ak Nazareyen yo, nou vin dirèk nan sanktifikasyon, nou te monte toudwat la nan yon pwen kote nou te ka menm wè rezen yo, epi apresya te vire tounen. Ou wè sa k te pase? Se sa ki pwoblèm lan, nou pa t janm mache al nan peyi a. Montre m yon Nazareyen oswa yon Pèleren Sentete, oswa nenpòt nan yo sou teren an jodi a, ki gen gwo kanpay gerizon ak siy ak mèvèy k ap fèt. Montre m youn. Ou te tabli nan peyi Lejip, ou te retounen nan chodyè lay yo. Nou te kanpe Kadès-Banea. Se vre.

191 Gade byen, epi kite m ba w plas ou, nan Ebre chapit 6 la. “Paske li enposib pou sa yo ki te eklere yon fwa,” nou te konn mye. Si se pa sa, ou konnen l kounye a. Ou wè? “Epi ki te vin patisipan, e ki te goute don Selès yo.”

192 Goute, ou wè. Moun yo al legliz, epi yo chita pou di: “Ou konnen, yo—yo ka gen rezon. Sa—sa—sa ka kòrèk. Sa ka jis menm jan an, men m ap di w, gason m, sa pran anpil fwa pou fè sa.”

193 “Goute don Selès yo, e ki te konsidere San alyans lan kòm yon ‘bagay ki pa sen,’ ke w te sanktifye.”

194 Tankou yon predikatè, manman l voye l. Li di: “Mwen gen yon apèl pou m vin yon sèvitè Seyè a.”

195 “Dakò. Premye bagay m dwe fè se lave sou yon planch, cheri, e m ap voye w nan yon lekòl.” Pi move Bagay ke l te janm fè. Se vre. Yo va retire tout bagay ke Bondye ap eseye mete nan li. Alò, siveye kounye a.

196 “Paske si nou peche volontèman, peche volontèman apre nou fin resevwa konesans Verite a, konesans la. Gade sa nan Lekriti epi konnen ke Bib la di Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou wè Sa, se konesans Verite a. Pou wè l, nou vire do nou, epi konsidere San alyans lan. . . .”

197 Yon nonm di: “O, wi, mwen kwè nan—nan Bondye.” Dakò, ou fè premye pa a.

198 “Se sèten, mwen kwè nan sanktifikasyon.” Dakò, ou sou fwontyè a, jis anwo a la prè pou resevwa Sentespri a. Men ou gade epi w di, “Mwen—mwen—mwen pa konn anyen sou sa. Si m ta dwe ajì tankou. . . Non. M pa konnen. Ou konn kijan yo rele moun sa yo? En-en, m pa konn si m ka fè sa ou non. Non, mwen kwè m ap jis kontinye epi rankontre. . . ? . . .” Ou wè? Ou wè?

199 E ou konn kisa k rive? Li di: “Li enposib pou yo janm antre.” Yo te rate jou gras yo a nan peche. Bib la di sa. Mwen konnen sa malouk, men Bib la di: “Yo te gout don Selès yo, e yo te konsidere San alyans lan avèk li. . . .”

200 Yo di: “Mwen kwè nan sanktifikasyon, yon bon vi, pwòp, sen.”

201 Sèten, men ou menm, lè w wè batèm Sentespri a, epi batèm lan ak tout lòt bagay sa yo nan Bib la, kisa w te fè? Ou te konsidere San alyans lan ki se sa ki te sanktifye nou an, kòm yon “bagay ki pa sen.” Kisa menm ki te mennen w la a, mesye? Kisa. . . ? . . . Kisa ki te anpeche w vin yon pechè dènye klas? Kisa k te retire peche nan lavi w, nan finen ak bwè, ak fanm ak lòt bagay nan vi w, ki pa t dwe la? Kisa k te fè sa? San alyans lan! Alò ou te avanse ase pwòch pou w goutte rezen ki sot nan lòt Peyi a, epi w te wont Levanjil la, te pè denominasyon w lan! Ke Bondye gen pitye! Wi, mesye. “Te pran San alyans lan kòm yon ‘bagay ki pa sen,’ e sa te fèt malgre zèv gras la. Sa enposib pou l janm antre nan Peyi a.”

202 Kisa k te pase? M ap mande w. Bon, mwen se yon tipolojis, e nenpòt nonm ki konn Bib la se yon tipolojis. Èske youn nan mesye sa yo te janm rive nan tè pwomiz sa? Pa youn nan yo. Kimoun ki te fè l, kimoun ki t al lòtbò a? Sila ki t al an premye

yo, yo te retounen pou di, “Nou ka pran l, nou ka gen Sentespri a paske Bondye te di sa! Pyè te di Jou Pannkot la, si m ta ‘repanti epi batize nan Non Jezikri,’ Mwen ta dwe resevwa Sentespri a, pwomès la se pou mwen. Mwen vle fè sa. Se pa m, pwomès la se pou mwen.” Ou sezi l? “Kounye a pwomès la se pou mwen. Mwen resevwa l, se pa m. Sèten se sa.” Se te yomenm sèlman.

203 “O,” ou di, “men, Frè Branham, nan rezirèksyon an!” Yo p ap la. “O, yo p ap la?” Non, mesye. Jezi te di l.

204 Yo te di: “E W ap konsidere W gran menm jan ak Moyiz, e W te di ke W te sa, ke W te ‘wè Abraham.” Epi li te di: “E—e—e—epi Abraham te mouri! Enben, Ou pa—Ou pa gen plis pase senkant an, e Ou di W te wè Abraham?”

205 Li te reponn, “Anvan Abraham te egziste, MWEN SE.” O, la la! “MWEN SE,” Bondye Etènèl, ki toujou—prezan an. Pa ayè, pa demen, “Mwen SE.” Ou wè? Bondye ki Toujou prezan an, Elohim lan, “MWEN SE.” Alò yo te pran . . . Yo ta pral touye L lè sa.

206 Li te di: “Ebyen, zansèt nou yo te manje lamàn nan dezè a pandan karantan. Bondye te fè yon lapli pen desann sot nan Syèl la pou nourri yo. Yo t al legliz e yo te bon manm legliz pandan karantan. Vye Manman m lan te mouri nan legliz sa a menm,” ak tout bagay konsa. “Zansèt mwen yo te manje lamàn nan dezè a pandan karantan.”

207 E Jezi te reponn: “E yo tout te mouri.” *Mouri* vle di “separasyon Etènèl la.” “Yo chak te mouri. Men Mwen di nou, ke M se Pen Lavi ki sot kot Bondye ki nan Syèl la. Yon nonm ki manje Pen Lespri sa, li gen Lavi Etènèl e li paka peri. E M ap resisite l nan dènye jou a.” Oo, frè, èske L pa mèveye?

Èske L pa mèveye, mèveye, mèveye?

Èske Jezi Seyè nou an pa mèveye?

Je te wè, zòrèy te tande, sa k te ekri nan Pawòl

Bondye a;

Èske Jezi Seyè nou an pa mèveye?

208 Se pa vre? Nou wè Lespri disèneman Li a ap aji nan mitan nou. Nou wè L ap fè mirak ak siy ak mèvèy. Nou tande L ki ekri la menm nan Pawòl la, ou wè Sa konfime drèt laba la. O, la la!

Je te wè, zòrèy te tande, sa k te ekri nan Pawòl

Bondye a;

Èske Jezi Seyè m nan pa mèveye?

209 Nan yon lòt de minit, oswa twa, pral gen yon sèvis batèm dlo k ap fèt isit la. E kounye a sila yo ke yo pral batize, kite medam yo al bò *isit la*, epi mesye yo lòt kote *sa a*. Epi kounye a mesye yo sou bò gòch mwen, *la* bò kote *sa a*. Epi medam yo bò *isit la*. Pral gen sè anndan la ak rad ki pare. E si nenpòt gason oswa nenpòt fanm isi a maten an, ki sèten ke l kwè nan Pawòl Bondye a, epi ou kwè ke Bondye kenbe pwomès Li, ke si yon nonm repanti antyèman de tout peche l . . . Kounye a, San an poko fè anyen ankò. Non, se

jis fwa w nan Bondye. E Bondye ap rele, jis: “Fyou, fyoun, fyoun!” ap rele w, se sa k ap fè sa kounye a: “Fyou, fyoun!”

“Mwen pa t janm batize.”

“Fyou, fyoun!”

“Ebyen, bon, si m te ka jis rekòmanse epi aji diferan.”

“Fyou!” Sa, se bagay la, kòmanse, apresa—apresa w ap aji diferan apre w fin kòmanse. Ou wè? Ou dwe chanje direksyon, kòmanse, ou wè.

Ou di: “Ebyen, mwen—mwen—mwen jis pa t janm wè l konsa.”

²¹⁰ Ebyen, chè frè m, mwen vle w montre m yon sèl Ekriti kote yon moun . . . Mwen te ofri sa pandan tranzeyen lane ministè atravè lemonn, devan evèk e latriye, ki kote yon sèl moun, yon sèl moun te janm batize nenpòt lòt fason ke nan Non Jezikri. E tout moun ki pa t batize nan Non Jezi, te dwe vini pou batize ankò nan Non an.

²¹¹ Bondye te gen yon sèl Non, e Non Li se Jezi. Sa se te Pitit Li, Li te pran Non Pitit Li a. Bondye! Kounye a, Jezi, kò a te yon nonm. Nou konn sa. Sa se te Pitit Bondye a ki te kouvri kache. Kounye a nou pa kwè nan yon tip initè, moun ki di Bondye se tankou dwèt ou. Nou kwè gen twa atri-. . . atri nan Bondye. Twa atri Bondye yo, ke Bondye manifeste ladan yo. Men gen yon sèl Bondye. Ou wè? Se sa. Nou pa kwè. . . Nou kwè nan yon—nan yon. . . Kite m fè l konsa, nou kwè ke Bondye te okipe twa fonksyon. Li te gen yon fonksyon sou tè a yon fwa.

²¹² Kounye a, noumenm fanm yo al sou bò sa, e nou menm mesye yo al sou bò sa, pou ap prepare. E y ap prepare yo pou sèvis batèm kounye a.

²¹³ Epi, kounye a, Bondye te gen twa fonksyon. Youn nan yo te rele Papa a, oswa dispansasyon Papa a; lòt la te rele Fis la; e lòt la te rele Sentepri a. Bon, jodi a, nan ki—nan ki dispansasyon Papa ap travay jodi a? [Kongregasyon an di: “Sentepri.”—Editè a.] Sentepri. Kisa L te ye nan jou ki pase yo? [“Jezi.”] Jezi. Kisa Li te ye nan jou anvan sa? [“Papa.”] Men se te jis yon sèl Bondye! Èske se vre? Li se Pè, Fis, e Sentepri, twa sa yo, twa fonksyon sa yo pou yon sèl Bondye. Yon sèl Bondye!

²¹⁴ Men kounye a, Pè se pa yon non, èske se vre? Mwen vle mande w. Kounye a mwen vle ba w Matye 28:19, kote Jezi te di: “Ale non, anseye tout nasyon yo, batize yo nan Non,” (N-o-n) “Non Papa a . . .”

²¹⁵ Kounye a mwen vle wè kijan nou konn Ekriti nou byen. Fè m konnen kilè m kite li lan. E Li di yo: “Ale nan tout mond lan, preche Levanjil la bay tout kreyati. Sila ki kwè epi ki batize va sove. Sila ki pa kwè va kondane. Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè. Nan Non Mwen yo va chase demon,” Èske tout sa se vre? “pale

an lang, met men sou sèpan.” Kounye a m pral repete pou ou, Matye. . .

²¹⁶ Kounye a tande. M ap mande nenpòt istoryen. Kounye a sa sou kasèt, sa pral nan tout mond lan. M ap mande nenpòt istoryen an pou vin mennen ban mwen nenpòt tèks nan Ekriti a, nenpòt tèks nan. . . oswa ki pa Ekriti a, nenpòt tèks nan Ekriti a oswa nenpòt tèks listwa, nenpòt vèsè listwa ki te janm montre ke yon Pwotestan, ke nenpòt moun nan te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri” jiskaske legliz Katolik te òdone l nan Konsèy Nise a. Kounye a sa sou kasèt, li pral travèse lemonn, nan trant sèt diferant lang ke yo tradui. M ap peye pou vwayaj ou travèse lanmè. Se vre. “Pè, Fis, e Sentespri” se yon doktrin katolik fo, twonpè, e se pa yon batèm Kreyen. Se vre! Luther te soti avè l nan legliz Katolik, ak katechis, Wesley te adopte l epi vin avè l. Men sa a se jou manifestasyon pitit Bondye yo, lè mistè ki te kache depi fondasyon mond lan dwe revele. Sa se lè a. Se sèten.

²¹⁷ Sonje, pa t janm gen yon moun nan Bib la ki te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Pandan twasan lane apre lanmò dènye apot la, pa t janm gen pèsonn ki te janm batize nan non “Pè, Fis, Sentespri.” Yo te gen. . . Mwen te li toulède *Pè Pre Niseyen yo, Konsèy Nise a*, e apati de la yo te òganize sa yo rele “legliz inivèsèl Kreyen an” e yo te fè yon òganizasyon apati de sa pou fòse tout moun anre ladan l, ki te legliz Katolik la. Mo *katolik* la menm vle di “inivèsèl,” yon legliz Kreyen inivèsèl, atravè lemond, yon sèl legliz pou kouvri monn lan. E Kreyente sa a, yo fòse moun yo vin ladan l. La yo te adopte, yo te met Venis deyò epi mete Mari. Yo te met Pòl deyò. . . oswa Jipitè, epi mete Pòl. Se toujou payen! Se vre. Legliz Katolik te soti la, e apre senksan lane. . .

²¹⁸ Yo gen yon pyès teyat nan Louisville kounye a, sou *Ben Hur*. Yo te gen *Dis Kòmandman yo* sa pa fè lontan. Mwen swete yo ta fè youn sou, si yo te kapab, mil senksan zan laj tenèb yo. Mwen swete yo ta fè l sou sa. Mil senksan lane pèsèkasyon payen, lè yo t ap fòse tout moun epi touye yo, asasinen yo, mare yo. Mete yon bèf yon kote epi yon bèf lòt kote a, pou fòse yo bo kwa a oubyen kòmanse fè youn ale nan direksyon sa a ou nan lòt direksyon an. M te touche ak men m, nan peyi Laswis menm, dèyè poto yo kote yo te kanpe la epi yo te koupe lang yo epi yo te rele yo sòsyè ak tout lòt bagay. Se egzakteman sa. Se vre!

²¹⁹ E menm lespri sa egziste jodi a. Se jis lalwa ki anpeche l. L ap tann jouk li jwenn libète li. Bib la di sa. Jis ap tann jouk li montre koulè l, jouk li jwenn chans li. Ou ka vote pou li nan pa lontan, pou tout sa m konnen. Ou wè? L ap, l ap vini. Pa gen okenn fason pou evite l. Sa dwe vini. Se vre. Sa dwe vini, sa ap vini. Alò lè sa fèt, jis ret sou gad ou. Men, frè, ou vle konn yon sèl bagay, mwen konnen nan Kiyès mwen te kwè. Alelouya! Ap vanse tou dwat. Ou wè. Se sa.

220 Gen yon moman kote—lè ekriyen an, lè m te di ekriyen Bib Lam- . . . Lamsa—Bib Lamsa, lè l te gade epi li te wè ansyen siy Bondye a, jis egzaktaman tankou sa, twa ti pwèn ladan l, mwèn di: “Kisa sa yo ye?”

Li te di: “Sa se Bondye nan twa atribi.”

Mwèn di, “Tankou Pè, Fis, ak Sentespri?”

Li te gade m. Li te di: “Èske w kwè sa?”

E m te di: “Wi, mesye.”

221 Li te di: “Mwèn te wè disènan sa a lòt jou swa, mwèn te panse ke w te yon pwofèt Seyè a.” Li te di: “Bondye beni kè w.” Te met men l otou mwèn, li te di: “Kounye a mwèn konnen ke se sa.” Li te di: “Ameriken sa yo pa menm konn sa.” Li te di: “Yo pa menm konn anyen.” Li te di: “Y ap eseye pran yon Liv Oryantal pou fè yon Liv Oksidantal avèk Li. Yo pa menm konn Bib yo.” Li te di: “Pa gen okenn lòt Non ke yo bay anba Syèl la, okenn lòt Non, paske tout moun te toujou batize nan Non Jezikri. Pa gen yon bagay konsa tankou twa moun nan yon Bondye.” E sa se Frè Lamsa, Doktè Lamsa, tradiktè Bib Lamsa a, ki se yon bon zanmi Eisenhower ak tout gwo diplomat yo nan lemond, ak tout lòt bagay, li te pase men l toutou m, li te di: “Yon jou y ap tire w pou sa. Men,” li di, “sonje, tout moun sa yo mouri pou yon kòz.”

222 Mwèn ta renmen tankou lè vye Apot Pyè te nan prizon an. Te gen yon vyep ti gason la e li te vrèman sou lènè. E li te di: “O, kisa k pwoblèm lan?”

Li te di: “Ou konnen yo pral egzekite w?”

Pyè te reponn: “Wi.”

Li di: “Ebyen, w ap prepare w pou mouri jodi a.”

Li di: “Wi.”

Li di: “Ebyen, yo—yo ap . . . ou pa pè?”

Li te reponn: “Non.”

Li te di: “Ou dwe youn nan sila yo ke yo rele Kreyen yo.”

Li di: “Wi.”

Li di: “Kisa k te rive?”

223 Epi li te di l, li te chita epi li te rakonte l istwa a. Epi pandan l t ap rakonte l, li te desann, li te di: “E m te ka lib maten sa a. M te ka ale epi rantre nan kèk denominasyon epi jis kontinye viv, ou wè. Mwèn te ka lib. Men m te kòmanse soti nan pòtay vil la, e m te wè Youn k ap vini, k ap mache antre. Mwèn te konnen Kilès Li te ye. Mwèn di: ‘Seyè, ki kote W prale?’ Li di: ‘M pral tounen pou yo krisifye M ankò.’” Li te di: “M te retounen drèt la.”

224 Jis apre sa yo te di: “kimoun ki rele Simon Pyè?”

Li di: “Men mwèn!”

Li di: “Nou pare pou ou.”

Li di: “M t ap tann ou.” M te mache soti tou dwat.

225 Ti gason sa a te touche zepòl li, epi li di: “Tann yon minit, Simon; Mwen aksepte Bondye sa tou! E kounye a mwen pa pè; ke pwochen an ka tou pa m.” Se sa. Alelouya!

Ap kontinye . . . Li tranpe ak san, wi, san an ap koule,
Levanjil Sentespri sa a tranpe ak san,
San disip yo ki te mouri pou Verite a,
Levanjil Sentespri sa a kontinye ap tranpe nan san.

Premye moun ki mouri pou plan Sentespri sa a,
Se te Jan Batis, men l te mouri tankou yon nonm;
Epi Seyè Jezi a te vini, yo te krisifye L,
Li te preche ke Lespri a t ap sove lèzòm anba peche.

Men Pyè ak Pòl, ak Jan sentòm sa,
Yo te bay lavi yo pou ke Levanjil sa a te ka briye;
Yo te melanje san yo, tankou pwofèt tan lontan yo,
Kifè vrè Pawòl Bondye a te ka anonse ak onètete.

Gen nanm anba lotèl la, k ap kriye: “Konbyen tan k rete?”
Pou Seyè a pini sa yo ki te fè sa k mal; (Koute!)
Men pral gen plis moun ki va bay san lavi yo
Pou Levanjil Sentespri sa a ak inondasyon wouj sa.


Li tranpe nan san, wi, li tranpe nan san,
Levanjil Sentespri sa a tranpe . . . san,
San disip yo ki te mouri pou Verite a,
Levanjil Sentespri sa a ap tranpe nan san.

226 Jis yon Ekriti anvan nou ale:

. . . epi yo te di Pyè ak . . . rès nan yo a, Mesye frè m yo, kisa nou dwe fè pou n ka sove?

. . . Pyè te di yo, Repanti, chak nan nou epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou, e nou va resevwa don Sentespri a.

Paske pwomès la se pou nou, pou pitit nou yo, e pou tout sa yo ki byen lwen, kèlkeswa valè ke Seyè Bondye nou an va rele vin jwenn li.

227 Seyè a beni nou kounye a. Pandan n ap soti kite espas la, ou ka gade batèm lan pandan ke n ap . . . ? . . . 

60-0522M Adopsyon #3
Branham Tabènak
Jeffersonville, Ind yana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org